**Гæззаты Альбинæ**
**Саламаты Лидæ**

# Методикон амындтытæ
# « Ирон æвзаджы чиныг» - мæ

**4-æм кълас**

**Дзæуджыхъæу**
**2021**

## 1-3-аг кълæсты рацыд æрмæг
## зæрдыл æрлæууын кæнын (4 сах.)

Фыццаг цыппар урочы лæвæрд цæуынц, фыццаг къласæй æртыккаг къласмæ скъоладзаутæ ирон æвзагæй цы грамматикон æрмæгимæ базонгæ сты, уый зæрдыл æрлæууын кæнынæн.

Скъоладзаутæ рафæлхат кæндзысты: алфавит; мыртæ æмæ дамгъæтæ; зылангон æмæ æзылангон æмхъæлæсонтæ; дæргъвæтин æмхъæлæсонты растфыссынады æгъдæуттæ; цавды æгъдæуттæ ирон æвзаджы; дзырдарæзт æмæ морфологийæ цы æрмæг ахуыр кодтой, уый.

### 1-аг урок

### Мыртæ æмæ дамгъæтæ

**Урочы нысантæ:** Скъоладзауты зæрдыл æрлæууын кæнын, цы хонæм мыртæ æмæ дамгъæтæ, цæмæй хицæн кæнынц дыууæ нысанæй конд дамгъæтæ. Бакусын ахуыргæнинæгты хъуыдытæ рапарахат кæнынил.

**Дзырдуат:** зырзырæг, хурæфсæст, райдзаст, зонындзинæдтæ, аходæн.

### Урочы цыд

**I. Ныхасы рæзтыл куыст.**

Урок райдайы беседæйæ.

– Сывæллæттæ, куыд арвыстат уæ уæгъд бонтæ сæрды?

– Цавæр чингуытæ бакастыстут?

Фылдæр хъуамæ дзурой скъоладзаутæ, æмбарын кæной сæ хъуыдытæ. Скъоладзаутæ сæ хъуыдытæ дарддæр рапарахат кæндзысты, 1-аг фæлтæрæн æххæст кæнгæйæ.

Текст бакæсгæйæ, йæ архайджыты раныхасæй скъоладзаутæ базондзысты, уыдон та куыд цæттæ кодтой сæхи ахуыры азы райдайæнмæ. Тексты мидис æвзаргæйæ, ахуыргæнæг хъуамæ раиртаса, цавæр дзырдтæ сты сывæллæттæн æнæмбаргæ, æмæ сын бамбарын кæна сæ нысаниуæг.

Скъоладзаутæ радзурдзысты, уыдон та цавæр æнкъарæнтимæ сæмбæлдысты ахуыры азы фыццаг боныл.

3-аг фæлтæрæн æххæст кæнгæйæ, Къадзаты Станиславы æмдзæвгæ «Скъоламæ» бакæсгæйæ, ахуырдзаутæн бамбарын кæнын, автор цины æнкъарæнтæ цавæр дзырдты руаджы равдыста, уый.

**II. Урочы ног темæйыл бакусын.**

1)1-аг фæлтæрæны грамматикон хæслæвæрд баст у бæрæггонд дзырдтæм антонимтæ ссарынимæ. Афтæ скъоладзаутæ сæ зæрдыл æрлæууын кæндзысты, ныхмæвæрд дзырдтæ цы сты, уый.

Фæлтæрæны хæслæвæрдмæ гæсгæ скъоладзаутæ хъуыдыйады ссардзысты, дамгъæтæй мыртæ фылдæр кæм ис, ахæм дзырд. Уый у дзырд сентябрь, иронау та ацы мæй хуыйны рухæны мæй. Скъоладзаутæ сбæлвырд кæндзысты, дзырд сентябры дамгъæтæ мыртæй фылдæр цæмæн сты,уый.

Скъоладзаутæ мыртæ æмæ дамгъæтæй 3-аг къласы цы æрмæг сахуыр кодтой, уый зæрдыл æрлæууын кæндзысты ахуыргæнæджы фæрстытæм гæсгæ беседæйы руаджы.

– Цы у дамгъæ? Цал дамгъæйы ис ирон æвзаджы?

– Цы у мыр? Цавæр дамгъæтæ нæ нысан кæнынц мыртæ?

– Цæмæй хицæн кæнынц кæрæдзийæ мыртæ æмæ дамгъæтæ?

– Цавæр къордтыл дих кæнынц мыртæ?

– Цавæр къордтыл дих кæнынц æмхъæлæсон мыртæ?

Мыртæ æмæ дамгъæты æрмæг фæлхатгæнгæйæ, скъоладзаутæ сбæрæг кæндзысты урочы темæ æмæ йæ нысантæ.

Урочы темæимæ скъоладзаутæ дарддæр зонгæ кæндзысты 4-æм фæлтæрæн æххæст кæнгæйæ. Æмдзæвгæ бакæсгæйæ, скъоладзаутæ бамбарын кæндзысты дзырдбæстытæ *зонды суадон* æмæ *рухстауæг цырагъы* хъуыды æмæ сбæлвырд кæндзысты, цæмæн хоны æмдзæвгæйы автор чиныг *Зонды суадон æмæ рухстауæг цырагъ*?

Фæлтæрæны уæлæмхасæн фарстайæн дзуапп ратгæйæ, скъоладзаутæ базондзысты цавæр ныхасы хаймæ хауынц бæрæггонд дзырдтæ *чиныг, нывгæнæг, ахуыргæнæг, цырагъ.* Сбæрæг кæндзысты цалгай дамгъæ æмæ мыры ис алы дзырды дæр.

2) Дзырд ***цырагъ*** мырон-дамгъон æвзæрст кæнгæйæ, скъоладзаутæ сæ зæрдыл æрлæууын кæндзысты дыууæ нысанæй конд дамгъæтæ. Ахуыргæнæг сывæллæттæн бæстон æмбарын кæны дзырд *цырагъ*-ы фондз мыры кæй ис, уымæ гæсгæ дамгъæтæ дæр кæй цæуынц нымад фондзыл.

Скæндзысты хатдзæг: Æмхъæлæсонтæ **гъ, дж, дз, къ, пъ, тъ, хъ,цъ, чъ** нымад цæуынц иугай дамгъæтыл. Уымæн æмæ нысан кæнынц иугай мыртæ.

Скъоладзаутæ сæ хъуыдытæ абардзысты чиныджы раиртæстимæ.

5-æм фæлтæрæн сæххæстгæнгæйæ скъоладзаутæ дыууæ нысанæй конд дамгъæтæ бафидар кæндзысты æмæ базонгæ уыдзысты Ирыстоны хохаг хъæутæй сæ иуимæ – Джимара.

3) Дарддæр скъоладзаутæ сæ зæрдыл æрлæууын кæндзысты, дамгъæ **у** хъæлæсон æмæ æмхъæлæсон кæд вæййы,уый. Уый тыххæй ахуыргæнæн чиныджы 6-æм фæлтæрæны лæвæрд цæуы æмдзæвгæ «Лæвар».

Тексты **у** кæм ис, ахæм дзырдтæ ссарын æмæ сæ адих кæнын уæнгтыл.

Уыйфæстæ скъоладзаутæ скæндзысты хатдзæг: Дамгъæ **у** уæнгаразæг куы уа, уæд вæййы хъæлæсон, уæнгаразæг куы нæ уа, уæд та – æмхъæлæсон.

Æмдзæвгæйы мидис æвзаргæйæ, беседæйы фæрцы ахуыргæнæг бакæндзæн хъомыладон куыст.

– Цавæр сывæллоны ис схонæн коммæгæс?

– Сымахæй та йæхи коммæгæсыл чи  нымайы? Цæмæн?

**III. Урочы кæронбæттæн.**

– Цы базыдтам урочы?

– Ранымайут дыууæ нысанæй конд дамгъætæ.

– Цалгай дамгъæтыл нымад цæуынц? Цæмæн?

– Кæд вæййы дамгъæ **у** хъæлæсон кæнæ æмхъæлæсон?

**1V. Хæдзармæ куыст.**

Скъоладзаутæ 7-æм фæлтæрæны æмбисæндты хъуыды бамбаргæйæ, хъуамæ зоной, æмбисæндтæй куыд пайда кæнæм царды, уый. Дзырдтæ *къæбиц* æмæ *зондджын* - æн мырон-дамгъон анализ скæнгæйæ, скъоладзаутæ бафидар кæндзысты сæ зонындзинæдтæ фонетикæйæ.

## 2-аг урок

## Дамгъуат

**Урочы нысантæ:** Дамгъуат зæрдыл æрлæууын кæнын. Бамбарын кæнын скъоладзаутæн, хъæлæсон, æмхъæлæсон æмæ æгомыг дамгъæтæ цавæртæ сты, уый. Сывæллæттæм гуырын кæнын уарзондзинад Райгуырæн бæстæмæ.

**Дзырдуат:** банкъарын, уæйгуытæ, къоритæ, Сириус, Сусæны мæй, къутæр, сауцъиу, дзывылдар.

### Урочы цыд

**I. Хæдзармæ куыст сбæрæг кæнын.**

Скъоладзаутæ æмбарын кæнынц æмбисæндты хъуыды æмæ сæ куыд пайда кæнæм царды, уый. Фылдæр хъуамæ дзурой скъоладзаутæ, æмбарын кæной сæ хъуыдытæ.

**II. Рацыд æрмæг сфæлхат кæнын.**

9-æм фæлтæрæн сæххæстгæнгæйæ бакусын ныхасы рæзтыл. Тексты мидис æвзаргæйæ, бамбарын кæнын сывæллæттæн æнæмбаргæ дзырдты нысаниуæг.

– Цавæр кæмттæ ис Ирыстоны?

– Цавæр комы уыдысты лæппутæ?

– Сымах та цавæр кæмтты уыдыстут?

Ацы ран равдисæн ис презентаци Ирыстоны кæмтты тыххæй.

Фæлтæрæны хæслæвæрдтæ æххæстгæнгæйæ сфæлхат кæнын мыртæ æмæ дамгъæтæ. Бæрæггонд дзырдтимæ фонетикон куыст бакæнгæйæ, скъоладзауты зæрдыл æрлæууын кæнын дыууæ нысанæй конд дамгъæтæ. Ахуыргæнæджы цæстæнгасмæ гæсгæ бæрæггонд дзырдтимæ æрхъуыды

кænæн ис хъуыдыйæдтæ. Афтæмæй скъоладзаутæ сфæлхат кæндзысты хъуыдыйад дæр.

**III. Урочы ног темæйыл бакусын.**

Урочы темæмæ рахизыны размæ уæлæмхасæн куысты хуызы раттæн ис хæслæвæрд (фæйнæгыл).

Хæслæвæрд: бакæсут дамгъæтæ æмæ сбæрæг кæнут уæлдай рæнхъ.

1) Дж, К, А, Ф, Ц, Б;

2) К, Къ, Л, М, Н, О;

3) У, Ф, Х, Ц, Ю, Я.

Ацы хæслæвæрды нысан у, скъоладзауты зæрдыл æрлæууын кæнын дамгъуат. Лæмбынæг æркæсгæйæ, бафиппайæн ис, фыццаг пункты дамгъæтæ алфавиты уагыл æвæрд кæй не сты. Фæбæрæг кæнын урочы темæ.

Дарддæр скъоладзаутæ ахуыргæнæджы фæрстытæн дзуапп дæттынц.

– Цы у дамгъуат?

– Цал дамгъæйы ис дамгъуаты?

– Цы пайдайы нысан ис дамгъуатæн?

Дзуæппытæм кæсгæйæ, скъоладзаутæ кæнынц хатдзæгтæ. Сæ хъуыдытæ барынц чиныджы раиртæстимæ. Кæсынц дамгъуат, ахуыр æй кæнынц зæрдывæрдæй.

**IV. Ног темæ бафидар кæнын.**

1) 12-æм фæлтæрæны хæслæвæрдмæ гæсгæ æмдзæвгæ хъæуы бакæсын æмæ йын бамбарын кæнын йæ мидис. Хорз уыдзæн, ахуыргæнæг скъоладзаутæн дзывылдар æмæ сауцъиуы нывæфтыдтæ кæнæ презентаци мæргъты нывтимæ куы равдиса, уæд.

Фæлтæрæныл сывæллæттæ бакусдзысты хибарæй, къæйттæй. Фæлтæрæн баххæст кæнгæйæ, скъоладзаутæ бафидар кæндзысты ног темæ «Алфавит».

Уымæй уæлдай ма скъоладзаутæ сфæлхат кæндзысты мыртæ æмæ дамгъæтæ.

12-æм фæлтæрæны ма ис уæлæмхасæн хæслæвæрд. Хæслæвæрд сæххæстгæнгæйæ, скъоладзаутæн сæ зæрдыл æрлæууын кæнын дзырды хæйттæ æмæ дзырдты арæзт.

2) 14-æм фæлтæрæнæн йæ нысан у ныхасы рæзтыл бакусын æмæ ныхасы хæйттæ зæрдыл æрлæууын кæнын.

**V. Урочы кæронбæттæн.**

– Цы базыдтат ногæй урочы?

– Цы хонæм алфавит?

– Цавæр хицæндзинæдтæ ис ирон æмæ уырыссаг алфавиты æхсæн?

– Цал дамгъæйы ис ирон алфавиты?

**VI. Хæдзармæ куыст.**

15-æм фæлтæрæны дамгъæтæ алфавиты уагыл æртæ къордæй рафысгæйæ, скъоладзаутæ бафидар кæндзысты алфавит, хъæлæсонтæ, æмхъæлæсонтæ, æгомыг дамгъæтæ.

Алфавит сахуыр кæнын зæрдывæрдæй.

## 3-аг урок

## Дæргъвæтин æмхъæлæсонтæ æмæ сæ растфыссынад.

**Урочы нысантæ:** Бацамонын дæргъвæтин æмхъæлæсонты растфыссынад. Бакусын ахуыргæнинæгты дзургæ ныхасы рæзтыл. Сывæллæттæн уарзын кæнын нæ алфамбылайы дуне.

**Дзырдуат:** хырх, фæсахсæвæр, хъæдгæс, сæрыстыр, ивар, тала, сыбыртт.

### Урочы цыд

**I. Хæдзармæ куыст сбæрæг кæнын.**

**II. Рацыд æрмæг фæлхат кæнын.**

1) 16-æм фæлтæрæн æххæстгæнгæйæ, скъоладзаутæ бакусдзысты ныхасы рæзтыл.

Текст бакæсгæйæ, скъоладзаутæ фæрстытæм гæсгæ равзардзысты текстæн йæ мидис, сбæлвырд ын кæндзысты йæ сæйраг хъуыды. Текстыл æнцойгæнгæйæ, радзурдзысты, скъоладзаутæн радзырды сæ зæрдæмæ цы фæцыд æмæ цы нæ фæцыд, уый.

– Бæлæстæ цы пайда хæссынц адæймагæн?

– Цæмæй фæрæдыд Бибо?

– Куыд сраст кодта Бибо йæ фыды рæдыд?

Ацы куысты хуызы нысан у скъоладзауты фæцалх кæнын тексты мидис хи ныхæстæй дзурыныл.

2) Дарддæр ахуыргæнæг архайы скъоладзауты зæрдыл дамгъуат æрлæууын кæныныл.

– Цы хонæм дамгъуат?

– Цал дамгъæйы ис ирон дамгъуаты?

– Цавæр къордтыл дих кæнынц мыртæ?

– Радзурут дамгъуат зæрдывæрдæй.

Дзырдуатон дзырдтæ: *хырх, фæсахсæвæр, хъæдгæс, сæрыстыр, ивар, тала.*

Фæйнæгыл фыст дзырдтæ дывæргонд æмхъæлæсонтимæ: фæззæг, *æрттиваг, ссад.*

Скъоладзаутæ радыгай размæ цæуынц æмæ дзырдты хахх кæнынц æмхъæлæсон дамгъæты бын.

Дзырд *фæззæг*-ы æмхъæлæсонты бын хахгæнгæйæ, ахуыргæнæг скъоладзауты æфтауы ног темæмæ рахизыныл.

– Куыд дзурæм æмæ куыд хъуысы мыр [з] дзырды? (Дæргъвæтинæй)

– Цæмæн хъуысы мыр [з] дæргъвæтинæй? (Уый тыххæй æмæ дамгъæ *з* фыст у дывæргондæй).

–Уæдæ ма сбæрæг кæнæм урочы темæ. (Темæ: **Дæргъвæтин æмхъæлæсонтæ æмæ сæ растфыссынад.)**

**III. Урочы ног темæйыл бакусын.**

18-æм фæлтæрæны афтид чырæгтæ дæргъвæтин æмхъæлæсонтæй æххæстгæнгæйæ, сывæллæттæн бацамонын урочы ног темæ.

Сфæлдыстадон коллективон куыст бакæнын дзырдбыдыл. Скъоладзаутæм раттын фæрстытæ.

– Дзырдты цы цухгонд æмхъæлæсонтæ бавæрдтат, уыдон дзургæйæ куыд хъуысынц? (Дæргъвæтинæй).

– Куыд сæ фыссæм? (Дывæргондæй).

Сывæллæтты дзуæппытæ феххуыс уыдзысты урочы темæ раргом кæнынæн, хатдзæг скæнынæн.

Чиныджы раиртæст бакæсын æмæ йæ зæрдыл бадарын.

Скъоладзауты дзургæ ныхас рапарахат кæныны тыххæй, дзырдбыды цы дзырдтæ рауад, уыдонимæ æрхъуыды кæнын хъуыдыйæдтæ.

**IV. Ног æрмæг бафидар кæнын.**

17-æм фæлтæрæн æххæстгæнгæйæ скъоладзаутæ бакусдзысты æмхæст текстæй æвзаргæ фыст кæныны арæхстдзинадыл. Дæргъвæтин æмхъæлæсонтæ цы дзырдты æмбæлы, уыдон рафысгæйæ, бамбарын кæндзысты сæ растфыссынад.

19-æм фæлтæрæнæн дæр ис ног æрмæг бафидар кæныны нысан. Фæлтæрæн баххæст кæнæн ис къордтæй кусгæйæ. Алы къордæн дæр раттын хæслæвæрд – фæлтæрæнæй иу æмбисонд рафыссын, дзырдты цухгонд дамгъæтæ æвæргæйæ, æмæ йын бамбарын кæнын йæ хъуыды.

Дæнцæгтæ æрхæссын æмæ спайда кæнын, царды цы æмбисæндтæ æмбæлы, уыдонæй.

Къордтæй кусгæйæ, скъоладзаутæн рапарахат уыдзысты сæ коммуникативон универсалон ахуырадон архæйдтытæ.

Фæлтæрæны уæлæмхасæн хæслæвæрдтæ баст сты дзырд хæйттæм гæсгæ æвзарынимæ æмæ антонимтæ зæрдыл æрлæууын кæнынимæ.

**V. Урочы кæронбæттæн.**

– Цы базыдтат ногæй урочы?

– Куыд фыссын хъæуы дæргъвæтин æмхъæлæсонтæ?

**VI. Хæдзармæ куыст.**

Сывæллæттæн бар ис 21-æм кæнæ 22-æм фæлтæрæнæй иу баххæст кæнын сæ равзæрстмæ гæсгæ.

21-æм фæлтæрæн æххæстгæнгæйæ, скъоладзаутæ бакусдзысты, дæргъвæтин æмхъæлæсонтæ кæм ис, уыцы дзырдтыл, бамбарын сын

кæндзысты сæ растфыссынад. Бафидар кæндзысты сæ зонындзинæдтæ фонетикæйæ, мырон-дамгъон анализ скæнгæйæ.

22-æм фæлтæрæны скъоладзаутæ дзырдтæ баххæст кæндзысты дывæргонд æмхъæлæсонтæй, сæ растфыссынад бамбарынгæнгæйæ. Дзырдтимæ хъуыдыйæдтæ æрхъуыды кæндзысты.

## 4-æм урок

## Цавд

**Урочы нысантæ:** Скъоладзауты зæрдыл æрлæууын кæнын, цы у цавд æмæ цавд æвæрæны æгъдæуттæ. Бакусын ахуыргæнинæгты хъуыдыкæнынады рæзтыл. Сывæллæтты ахуыр кæнын куыстуарзон уæвыныл.

**Дзырдуат:** балц, æнтыд, адаг, къæрта, тæскъ, хъæбæрхор, æвдæлон, мигъдзаст, цъиусур, фæнд, сур.

### Урочы цыд

**I. Хæдзармæ куыст сбæрæг кæнын.**

**II. Рацыд æрмæг фæлхат кæнын.**

23-æм фæлтæрæны нысан у ахуыргæнинæгты ныхасы рæзтыл бакусын æмæ рацыд æрмæг сфæлхат кæнын.

Фæлтæрæны грамматикон хæслæвæрды нысан у тексты ссарын дзырдтæ дæргъвæтин æмхъæлæсонтимæ æмæ сæ адих кæнын уæнгтыл.

Скъоладзаутæ таурæгъ бакæсгæйæ æмæ фæрстытæн дзуапп ратгæйæ, сбæлвырд кæндзысты йæ сæйраг хъуыды. Таурæгъы сæйраг хъуыды баст у фæллой кæнынимæ.

– Куыд æмбарут дзырд *фæллой*-ы нысаниуæг?

– Куыд бауырныдта фыды, йæ фырт фæллойы ад бамбæрста, уый?

Ахуыргæнинæгтæ бацархайдзысты таурæгъ хи ныхæстæй радзурын.

**III. Урочы ног темæйыл бакусын.**

1) Урочы ног темæ раргом кæнынæн спайда кæнæн ис 23-æм æмæ 24-æм фæлтæрæнтæй.

23-æм фæлтæрæны грамматикон хæслæвæрд баст у, тексты бæрæггонд дзырдты тыхджындæр хъæлæсы уагæй цы уæнгтæ загъд цæуынц, уыдонмæ хъус æрдарынимæ.

Скъоладзаутæ скæндзысты хатдзæг æмæ йæ абардзысты чиныджы раиртæстимæ.

**Дзырды тыхджындæр хъæлæсы уагæй цы уæнг загъд цæуы, уый у цавдон уæнг.**

Бакæсын раиртæст, зæрдыл æй бадарын.

Бæрæггонд дзырдтæ тетрæдтæм фысгæйæ, фæнысан кæнын цавдон уæнгтæ.

2) Дарддæр скъоладзаутæ урочы ног æрмæг раргом кæныны тыххæй æххæст кæнынц 24-æм фæлтæрæн иртасæн куыст кæнгæйæ.

Цавды нысан куыд æвæрд у, уымæ гæсгæ хъуыдыйæдтæн бамбарын кæнын сæ хъуыды. Скæнын хатдзæгтæ.

Зæгъæм: *(Чи?) Хохаг картоф балхæдтам.* Ацы хъуыдыйады дзырдты тыхджындæр хъæлæсы уагæй фæзæгъæм уæнг.

Арæх тыхджындæр хъæлæсы уагæй фæзæгъæм уæнг нæ, фæлæ дзырдбæстытæ. Зæгъæм: Нана *хохаг картоф балхæдта.*

Ацы ран дзырдтæ *хохаг картоф* загъд цæуынц иумæ тыхджындæр хъæлæсы уагæй. Уымæ гæсгæ сыл хауы **иумæйаг цавд.** Иумæйаг цавд цы дзырдтыл фæхауы, уыдоны æхсæн, дзургæйæ, паузæ кæнæн нæй. Скъоладзаутæ сæ хатдзæгтæ абардзысты чиныджы раиртæстимæ.

Скъоладзаутæ 26-æм фæлтæрæн æххæст кæнынц 24-æм фæлтæрæнмæ гæсгæ.

**IV. Ног темæ бафидар кæнын.**

1) 25-æм фæлтæрæны, бæрæггонд дзырдты цавды нысан æвæргæйæ, скъоладзаутæ бафидар кæндзысты урочы темæ.

Фæлтæрæны грамматикон хæслæвæрдмæ гæсгæ скъоладзаутæ сфæлхат кæндзысты дæргъвæтин æмхъæлæсонты растфыссынад. Ноджы ма скъоладзаутæ сæ зæрдыл æрлæууын кæндзысты, синонимтæ цы сты, уый.

Æмдзæвгæмæ гæсгæ хъомыладон куыст бакæнын беседæйы хуызы.

– Зæгъут, цæуыл цæуы дзырд æмдзæвгæйы?

– Цæмæн хуыйны æмдзæвгæ «Сæрæнгуырд»?

– Сымах та куыд æххуыс кæнут хæдзары уæ ныййарджытæн?

– Цавæр æмбисæндтæ зонут фæллойы тыххæй?

2) Хибарæй сæххæст кæнæн ис 27-æм æмæ 28-æм фæлтæрæнтæ. 27-æм фæлтæрæны хæслæвæрдмæ гæсгæ фæззæджы тыххæй æмбисæндтæ рафыссын хъæуы иумæйаг цавд æвæргæйæ. Бакæнын хъомыладон куыст, æмбисæндты æмæ æмдзæвгæйы хъуыды бамбарын кæнгæйæ. Æмдзæвгæйæн йæ сæйраг хъуыды абарын æмбисæндты хъуыдыимæ.

IV. Урочы кæронбæттæн.

– Цы базыдтат ногæй урочы?

– Цы фæлхат кодтат урочы?

– Цы хонæм иумæйаг цавд?

– Цавæр хицæндзинæдтæ базыдтат цавд æвæрыны тыххæй?

**V. Хæдзармæ куыст.**

29-æм фæлтæрæн æххæст кæнгæйæ, скъоладзаутæ бафидар кæндзысты рацыд æрмæг.

## 5-æм урок

## Вазыгджын дзырдтæ

**Урочы нысантæ:** скъоладзаутæн бацамонын вазыгджын дзырдтæ, сæ арæзт. Бакусын ахуыргæнинæгты дзургæ ныхасы рæзтыл.

**Дзырдуат:** хъæлæрдзы, гагадыргъ, хуссарварс, рæсуг, арыд, рувасдзарм.

### Урочы цыд

**I. Хæдзармæ куыст сбæлвырд кæнын.**

**II. Рацыд æрмæг фæлхат кæнын.**

30-æм фæлтæрæны текстæн йæ нысан у сывæллæтты дзургæ ныхасы рæзтыл бакусын. Скъоладзаутæ текст бакæсдзысты æмæ йын фæрстытæм гæсгæ бамбарын кæндзысты йæ мидис. Хи ныхæстæй йæ радзурдзысты. Дзырдуатон дзырдты нысаниуæг равзардзысты.

Фæлтæрæны текстæй спайда кæнæн ис рацыд æрмæг сфæлхат кæнынæн. Зæгъæм, тексты ссарын дзырдтæ дæргъвæтин æмхъæлæсонтимæ æмæ сæ рафыссын. Дзырдтæн мырон-дамгъон анализ скæнгæйæ, цавды нысæнттæ сыл сæвæргæйæ, скъоладзаутæ сæ зæрдыл æрлæууын кæндзысты бæлвырд зонындзинæдтæ фонетикæйæ.

**III. Урочы ног темæйыл бакусын.**

Урочы ног темæ бацамонынæн ахуыргæнæг пайда кæны 30-æм фæлтæрæны текстæй. Бæрæггонд дзырдтæ тетрадмæ рафысгæйæ, хъус æрдарын сæ арæзтмæ. Равзарын сæ. Хатдзæг скæнын вазыгджын дзырдты тыххæй æмæ йæ абарын чиныджы раиртæстимæ. Раиртæст зæрдыл бадарын.

**IV. Ног темæ бафидар кæнын.**

Вазыгджын дзырдты тыххæй зонындзинæдтæ бафидар кæнынæн чиныджы лæвæрд цæуынц 31-æм, 32-æм, 33-æм, фæлтæрæнтæ. Сæххæст кæнæн сæ ис, куыд иумæ, афтæ хибарæй кусгæйæ дæр.

31-æм фæлтæрæны хуымæтæг дзырдтæй вазыгджын дзырдтæ аразгæйæ, скъоладзаутæ сæ хъус æрдардзысты вазыгджын дзырдты растфыссынадмæ. Скæндзысты хатдзæг вазыгджын дзырдты растфыссынады тыххæй.

32-æм фæлтæрæн æххæстгæнгæйæ, ахуыргæнинæгтæ сæ зæрдыл бадардзысты вазыгджын дзырдтæ куыд арæзт сты æмæ сæ куыд фыссын хъæуы, уый. Æмбисæндты мидисыл бакусгæйæ, ахуыргæнæг бакæндзæн

хъомыладон куыст. Скъоладзаутæ сбæрæг кæндзысты дзырдтæ *кад* æмæ *æгады* нысаниуджытæ.

Фæлтæрæны грамматикон хæслæвæрдмæ гæсгæ бæрæггонд дзырд ***кадхæссæг*** ракæнын хъæуы мырон-дамгъон æвзæрст.

33-æм фæлтæрæны хæслæвæрдмæ гæсгæ, скъоладзаутæ куы сбæрæг кæной вазыгджын дзырдты арæзт, уæд бафидар кæндзысты сæ зонындзинæдтæ ног темæйæ.

**V. Урочы кæронбæттæн.**

– Цы базыдтат ногæй урочы?

– Цы хонæм вазыгджын дзырдтæ?

– Куыд сæ фыссæм?

**V1. Хæдзармæ куыст.**

Сæххæст кæнын 34-æм кæнæ 35-æм фæлтæрæн ахуыргæнинæгты равзæрстмæ гæсгæ.

## 6-æм урок

## Вазыгджын дзырдтæ

**Урочы нысантæ:** вазыгджын дзырдты тыххæй зонындзинæдтæ бафидар кæнын. Бакусын скъоладзауты ныхасы рæзтыл. Сывæллæтты ахуыр кæнын хистæртæн аргъ æмæ лæггад кæнын.

**Дзырдуат:** фæдзæхст, æфстау, миддуне, хин, зыд, æгъдау.

## Урочы цыд

**I. Хæдзармæ куыст сбæлвырд кæнын.**

**II. Рацыд æрмæг фæлхат кæнын.**

1) 36-æм фæлтæрæны æмдзæвгæ бакæсын. Æмдзæвгæйыл æнцойгæнгæйæ æрдзурын ирон æгъдæуттыл. Бацамонын сывæллæттæн дзырд *фæдзæхсты* нысаниуæг. Æмдзæвгæйы мидис æвзаргæйæ, скъоладзаутæ сæ хъуыдытæ дзургæйæ, бакусæн ис ныхасы рæзтыл.

Равзарын æмдзæвгæмæ уæлæмхасæн цы æмбисонд лæвæрд цæуы, уый хъуыды. «Хистæр – зондамонæг, кæстæр – æгъдаухæссæг». Бакæнын хъомыладон куыст.

Фæлтæрæны грамматикон хæслæвæрд баст у лексикон куыстимæ. Бæрæггонд дзырдтæн антонимтæ ссаргæйæ, скъоладзаутæ сæ зæрдыл æрлæууын кæндзысты, ныхмæвæрд дзырдтæ цы сты, уый.

Дарддæр цæуы вазыгджын дзырдтыл куыст. Фæлтæрæны вазыгджын дзырдтæ фысгæйæ, скъоладзаутæ сæ хъус æрдардзысты сæ растфыссынадмæ. Скæндзысты хатдзæг.

2) 38-æм фæлтæрæн сæххæстгæнгæйæ, хъус æрдарын, иу хъуыдыйады вазыгджын дзырды хæйттæ иумæ фыст цæмæн сты, иннæйы та – хицæнæй?

Зæгъæм: *хъулонбазыр гæлæбу – гæлæбуйы хъулон базыр.*

Скæнын хатдзæг.

3) 39-æм фæлтæрæн. Сфæлдыстадон куыст бакæнын нывтæм гæсгæ. Нывы цы предметтæ лæвæрд цæуы, уыдоны нæмттæ фысгæйæ, скъоладзаутæ бафидар кæндзысты, вазыгджын дзырдтæ куыд арæзт сты, уый æмæ сæ растфыссынад. Æрхъуыды кæндзысты хъуыдыйæдтæ вазыгджын дзырдтимæ.

4) 40-æм фæлтæрæн æххæст кæнгæйæ, сывæллæттæ хицæнтæй рафысдзысты хуымæтæг æмæ вазыгджын дзырдтæ, сбæрæг кæндзысты сæ хицæндзинæдтæ. Скъоладзаутæ кусдзысты къæйттæй.

**III. Урочы кæронбæттæн.**

– Цы базыдтат ногæй урочы?

– Цы хонæм вазыгджын дзырдтæ?

– Куыд сæ фыссæм?

**IV. Хæдзармæ куыст.**

41-æм фæлтæрæн. Дыууæ цæджындзы дзырдтæй саразын вазыгджын дзырдтæ. Семæ æрхъуыды кæнын хъуыдыйæдтæ.

## 7-æм урок

## Вазыгджын дзырдтæ

**Урочы нысантæ:** Сывæллæттæн раттын зонындзинæдтæ, вазыгджын дзырдтæ аразгæйæ, дыккаг аразæг дзырды æмхъæлæсон куыд аивы, уый тыххæй. Сфæлхат кæнын вазыгджын дзырдты растфыссынад. Сывæллæттæм гуырын кæнын уарзондзинад Райгуырæн бæстæмæ æмæ алфамбылайы дунемæ.

**Дзырдуат:** цъай, донпырхгæнæн, дурын, быру, сæууон, дæргъæццон.

## Урочы цыд

**I. Хæдзармæ куыст сбæрæг кæнын.**

**II. Рацыд æрмæг фæлхат кæнын.**

1) 42-æм фæлтæрæны, Валентинæ Осеевайы радзырд бакæсгæйæ, бакæнын хъомыладон куыст. Тексты фæрстытæн дзуапп ратгæйæ, скъоладзаутæ бамбарын кæндзысты радзырды сæйраг хъуыды æмæ йæ абардзысты текстмæ цы ’мбисонд лæвæрд цæуы, уый хъуыдыимæ.

**2)** 43-æм фæлтæрæнæн йæ нысан у, сфæлхат кæнын вазыгджын дзырдты арæзт æмæ сæ растфыссынад. Скæнын хатдзæгтæ.

**III. Урочы ног темæйыл бакусын.**

44-æм фæлтæрæн æххæстгæнгæйæ вазыгджын дзырдты фарсмæ ныффыссын, цы дзырдтæй арæзт сты, уыдон. Мырты ивддзинæдтæ раиртасын, сæ быны сын бахахх кæнын.

Зæгъæм: *донвæд – доны фæд.*

Скæнын хатдзæгтæ.

Ног зонинæгтæ бафидар кæныны тыххæй сæххæст кæнын 45-æм æмæ 46-æм фæлтæрæнтæ, вазыгджын дзырдты арæзт æмæ сæ растфыссынад бамбарын кæнгæйæ. Чиныджы бакæсын раиртæст æмæ йæ зæрдыл бадарын.

5) 47-æм фæлтæрæнæй спайда кæнæн ис хибарæй куыст бакæнынæн. Тексты хъуыды æвзаргæйæ, сывæллæттæм гуырын кæнын уарзондзинад Райгуырæн бæстæмæ æмæ алфамбылайы дунемæ.

Скъоладзаутæ, вазыгджын дзырдтæ рафысгæйæ, сæ зæрдыл бадардзысты сæ растфыссынад. Фæлтæрæны уæлæмхасæн хæслæвæрд æххæстгæнгæйæ, ахуырдзаутæ сæ зæрдыл æрлæууын кæндзысты ныхасы хæйттæ дæр.

**IV. Урочы кæронбæттæн.**

– Цы базыдтат ногæй урочы?

– Цы хонæм вазыгджын дзырдтæ?

– Куыд сæ фыссæм?

**V. Хæдзармæ куыст.**

48-æм фæлтæрæн. Æмбисæндтæ рафысгæйæ ахъуыды кæнын, царды сæ куыд æмæ кæд пайда кæнæм, ууыл. Бакусын вазыгджын дзырдты растфыссынадыл. Фонетикон æвзæрст ракæнын вазыгджын дзырд *зæрдæхъæлдзæгæй.*

## 8-æм урок

## Номдар. Номдарты ивынад хауæнтæм гæсгæ (тасындзæг) Номон хауæн (Чи? Цы?)

**Урочы нысантæ:** ныхасы хæйтты тыххæй зонындзинæдтæ зæрдыл æрлæууын кæнын. Раттын иумæйаг зонындзинæдтæ номдарты тасындзæджы тыххæй. Бацамонын скъоладзаутæн номон хауæны фæрстытæ æмæ кæрæттæ. Сывæллæтты зонгæ кæнын ирон адæмы традицитимæ.

**Дзырдуат:** мигъ, æууæнк, æндавын, тала, уари, дзылы, митмитгæнаг, сæлавыр, хъæрццыгъа, сырддонцъиу.

**Урочы цыд**

**I. Хæдзармæ куыст сбæрæг кæнын.**

**II. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.**

Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнынæн спайда кæнæн ис дзырдуатон куыстæй.

– Дзырдуатон дзырдты æхсæн уæлдай дзырд кæцы у æмæ цæмæн?

*(Мигъ, æууæнк, <u>æндавын</u>, тала, уари, дзылы, митмитгæнаг, сæлавыр).*

**(**Уæлдай дзырд у «æндавын», домы фарст *цы ми кæнын?*

– Цы нысан кæнынц æмæ цавæр ныхасы хæйттæ сты иннæ дзырдтæ?

(Дзырдтæ: *мигъ, æууæнк, тала, уари, дзылы, митмитгæнаг, сæлавыр* нысан кæнынц предметтæ. Домынц фарст *цы?* Сты номдартæ.)

– Цы зонæм номдары тыххæй?

(Номдар у ныхасы хай, домы фæрстытæ *чи? цы?* Номдарæн ис дыууæ нымæцы. Вæййынц иумæйаг æмæ сæрмагонд).

**Чиныджы 25-æм фарсыл бакæсын раиртæстытæ, зæрдыл сæ бадарын.**

Сывæллæтты зæрдыл æрлæууын кæнын, цы хонæм миногон æмæ мивдисæг?

Хатдзæгтæ скæнын.

Ныхасы хæйтты тыххæй æрмæг зæрдыл æрлæууын кæныны фæстæ рахизын урочы ног темæмæ.

**III. Урочы ног темæйыл бакусын.**

1) 49-æм фæлтæрæны текстыл кусгæйæ, сывæллæттимæ æрдзурын афæдзы афонтыл, æрдзы ивддзинæдтыл. Дзуапп раттын тексты хæслæвæрды фæрстытæн. Равзарын æмбисонды мидис. Сбæрæг кæнын, куыд баст у æмбисонды мидис текстимæ?

Сывæллæтты хъус æрдарын, бæрæггонд дзырд цавæр ныхасы хай у, уымæ. Дзырдæн йæ алы формæмæ дæр фарст ратгæйæ, хъус æрдарын, номдарты кæрæтты ивынадмæ.

– Цы бафиппайдтат? (Уыцы иу дзырдæн (номдарæн) ис алыхуызон кæрæттæ).

– Куыд ивынц номдарты кæрæттæ? (Фæрстытæм гæсгæ).

**Хатдзæгтæ скæнын.** Номдарты кæрæтты ивынад хауæнтæм гæсгæ хуыйны тасындзæг. Ирон æвзаджы ис 8 хауæны. Дзырдтæ кæрæдзиуыл баст цæуынц хауæнты кæрæтты руаджы.

Чиныджы бакæсын раиртæст. Зæрдыл æй бадарын.

Дарддæр бакусын номдарты тасындзæджы таблицæимæ.

**IV. Ног темæ бафидар кæнын.**

1) Скъоладзаутæ кæнынц коллективон дзургæ куыст.

Фæлтæрæны текст «Фæззæджы бæрæгбон» бакæсгæйæ скъоладзаутæ базондзысты ирон бæрæгбон «Хоры куывд». Дарддæр бæрæггонд дзырдтæм ратдзысты фæрстытæ æмæ сын сæ хауæнтæ таблицæмæ гæсгæ сбæрæг кæныдзысты.

2) Дарддæр, ног æрмæг скъоладзауты зæрдыл бадарыны тыххæй, семæ бакæнæн ис хибарæй куыст. Скъоладзаутæ æххæст кæнынц 52-æм, 53-æм фæлтæрæнтæ.

3) 54-æм æмæ 56-æм фæлтæрæнтæ æххæст кæнгæйæ, скъоладзауты хъус æрдарын номон хауæны номдартæм.

Бæрæггонд дзырдтæн сæ хауæнтæ фæрстытæм гæсгæ сбæрæг кæнгæйæ, æмæ сæ кæрæттæ рахицæн кæнгæйæ, скъоладзаутæ базондзысты æмæ сæ зæрдыл бадардзысты, номдар номон хауæны кæй домы фæрстытæ «чи ?», кæнæ «цы ?».

Скъоладзаутæ сæ зонындзинæдтæ бафидар кæндзысты чиныджы раиртæст бакæсгæйæ.

Бакусын хъæудзæн сывæллæтты дзургæ ныхасы рæзтыл, текстты мидис равзаргæйæ æмæ фæрстытæн дзуæппытæ ратгæйæ. Ахуыргæнæг скъоладзаутимæ равзардзæн дзырдуатон дзырдты нысаниуæг.

**V. Урочы кæронбæттæн.**

– Уæ зæрдыл цы бадардтат абоны урокæй?

– Куыд ивынц номдартæ?

– Цы у тасындзæг?

– Цал хауæны ис ирон æвзаджы?

– Цавæр фæрстытæ домы номдар номон хауæны?

**V1. Хæдзармæ куыст.**

Сæххæст кæнын 57-æм фæлтæрæн. Зæрдыл бадарын хауæнты нæмттæ æмæ фæрстытæ.

### 9-æм урок

### Гуырынон хауæн ( Кæй? Цæй? Кæм? Цæм?)

**Урочы нысантæ:** бацамонын скъоладзаутæн гуырынон хауæны фæрстытæ æмæ кæрæттæ. Бакусын сывæллæтты æвзаг фæхъæздыгдæр кæнынил. Сывæллæттæн уарзын кæнын æрдз.

**Дзырдуат:** къох, пуцал, кæркмисындзæг, хуымæллæг, цъуй, мыртгæ, давон, тулдз, кæрз, фæрв, тæгæр, хæрис, сусхъæд, фатхъæд, уисхъæд, сывылдз.

### Урочы цыд

**I. Хæдзармæ куыст сбæлвырд кæнын.**

**II. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.**

Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнæн ис беседæйы хуызы.

– Цы у тасындзæг?

– Цавæр фæрстытæ домынц номон хауæны номдартæ ?

– Цавæр номдартæ домынц фарст чи ?

– Цавæр номдартæ домынц фарст цы?

55-æм фæлтæрæны дзырдбыд сæххæстгæнгæйæ, скъоладзаутæ сфæлхат кæндзысты рацыд æрмæг «Номдары номон хауæн». Базондзысты кæнæ сæ зæрдыл æрлæууын кæндзысты мæргъты нæмттæ. Уый тыххæй ахуыргæнæджы фæндонмæ гæсгæ бацæттæ кæнæн æмæ равдисæн ис презентаци электронон фæйнæгыл мæргъты тыххæй.

**III. Урочы ног темæйыл бакусын.**

1) Ног темæ скъоладзаутæн бацамонæн ис 58-æм фæлтæрæн æххæстгæнгæйæ. Бæрæггонд дзырдтæм фæрстытæ ратгæйæ, скъоладзаутæ сбæрæг кæндзысты номдарты хауæнтæ. Рахицæн сын кæндзысты сæ кæрæттæ. Ахуыргæнæг æнæмæнгæй скъоладзауты хъус æрдардзæн, номдартæ гуырынон хауæны æндæр номдартимæ баст сты æви мивдисджытимæ.

Скъоладзаутæ скæндзысты хатдзæгтæ:

1.Номдартæ гуырынон хауæны æндæр номдартимæ бастæй февдисынц, предмет кæй кæнæ цæй хай у, уый. Зæгъæм: *(Кæй?) Чермены бæлас.*

2.Номдартæ гуырынон хауæны мивдисæгимæ баст куы вæййынц, уæд февдисынц, архайд кæмæ рахизы кæнæ кæм цæуы, уый.

Зæгъæм: *(Кæм?) Хъæды зайы.*

Чиныджы раиртæст бакæсгæйæ, скъоладзаутæ ног æрмæг сæ зæрдыл бадардзысты.

**2)** Дарддæр скъоладзаутæ ног æрмæгимæ зонгæ кæнынц иртасæн куыст кæнгæйæ, 59-æм фæлтæрæн æххæстгæнгæйæ.

Бæрæггонд номдартæ скъоладзаутæн рафыссын хъæудзæн дыууæ цæджындзæй.

Фыццаг цæджындзы скъоладзаутæ фысдзысты, номон хауæны æмхъæлæсоныл цы номдартæ фæвæййынц, уыдон.

Дыггаг цæджындзы та фысдзысты, номон хауæны хъæлæсоныл цы номдартæ фæвæййынц, уыдон.

Иртасæн куыст кæнгæйæ скъоладзаутæ скæндзысты хатдзæгтæ:

1.Номдарæн номон хауæны йæ бындуры кæройнаг мыр æмхъæлæсон куы уа, уæд гуырынон хауæны кæрон у ***-ы.***

2.Номдарæн номон хауæны йæ бындуры кæройнаг мыр хъæлæсон куы уа, уæд гуырынон хауæны кæрон у **– *йы.***

Зæгъæм:

*Бæрз, бæрз<u>ы</u>* *Нæзы, нæзы<u>йы</u>*

Чиныджы раиртæст бакæсгæйæ, скъоладзаутæ сæ хъуыдытæ æмæ сæ хатдзæгтæ абардзысты раиртæстимæ. Ног æрмæг сæ зæрдыл бадардзысты.

3) 61-æм фæлтæрæны текст бакæсгæйæ æмæ тексты мидис равзаргæйæ, сывæллæттæ базондзысты, *кæркмисындзæг* цы у æмæ цы пайда у адæймаджы æнæниздзинадæн, уый.

Скъоладзаутæ, фæлтæрæны номон хауæны номдартæ гуырынон хауæны æвæргæйæ, хъуамæ сæ хъус æрдарой æмæ бафиппайой æмхъæлæсонтæ **г, к, къ** гуырынон хауæны ивд кæй æрцыдысты **дж, ч, чъ**-йæ.

Сæ фиппаинæгтæм гæсгæ скæной хатдзæг:

Номдартæ æмхъæлæсонтæ **г, к, къ** – йыл куы фæвæййынц, уæд гуырынон хауæны хъæлæсон **ы** - йы размæ уыцы æмхъæлæсонтæ ивд кæй æрцæуынц **дж, ч, чъ**-йæ.

Чиныджы бакæсын раиртæст. Зæрдыл æй бадарын.

**IV. Ног темæ бафидар кæнын.**

Ног æрмæг бафидар кæнæн ис хибарæй кусгæйæ. Скъоладзаутæ æххæст кæнынц 60-æм фæлтæрæн.

**V. Урочы кæронбæттæн.**

– Цы у тасындзæг?

– Цал хауæны ис ирон æвзаджы?

– Цы бæрæг кæнынц гуырынон хауæны номдартæ?

– Цавæр ныхасы хæйттимæ баст сты гуырынон хауæны номдартæ?

– Куыд ивынц æмхъæлæсонтæ номдарты гуырынон хауæны?

**V1. Хæдзармæ куыст.**

62-æм фæлтæрæн. Тагъддзуринаг сахуыр кæнын.

63-æм фæлтæрæн. Хæслæвæрдтæ сæххæст кæнын.

## 10-æм урок

## Дæттынон хауæн (Кæмæн? Цæмæн?)
## Иртæстон хауæн (Кæмæй? Цæмæй? Кæцæй? Кæдæй?)

**Урочы нысантæ:** скъоладзаутæн бацамонын дæттынон æмæ иртæстон хауæнты номдартæ. Бакусын ныхасы рæзтыл. Сывæллæттæм гуырын кæнын уарзондзинад Райгуырæн бæстæмæ æмæ алфамбылайы дунемæ.

**Дзырдуат:** загъдкъахæг, дзидзидай, уæлдуне, æлутон, къуырф, рындз.

**Урочы цыд**

**I. Хæдзармæ куыст сбæрæг кæнын.**

**II. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын беседæйы хуызы.**

– Цы зонæм номдары тыххæй?
– Куыд ивынц номдартæ?
– Цы у тасындзæг?
– Цал хауæны ис ирон æвзаджы?

**III. Урочы ног темæйыл бакусын.**

**1)** 64-æм фæлтæрæн æххæстгæнгæйæ, ахуыргæнæг бакæндзæн хъомыладон куыст. Афтæмæй ахуыргæнæг рапарахат кæндзæн сывæллæтты **регулятивон** æмæ **хиæмбарынадон** универсалон ахуырадон архæйдтытæ.

Фæлтæрæныл кусгæйæ, скъоладзауты хъус æрдарын бæрæггонд фæрстытæ æмæ сын дзуапп цы дзырдтæ дæттынц, уыдонмæ. Номдарты тасындзæджы таблицæмæ гæсгæ сбæрæг кæнын ацы фæрстытæ æмæ кæрæттæ дæттынон хауæны кæй сты, уый.

Зæгъæм *хур-æн* æмæ *Нинæ-йæн.* Домынц фæрстытæ *цæмæн? кæмæн?* Сты дæттынон хауæны номдартæ, сæ кæрæттæ *-æн, -йæн.*

Иртасæн куыст кæнгæйæ, скъоладзаутæ фæлтæрæны хъуамæ ссарой номдартæ дæттынон хауæны æмæ сæ рафыссой сæ фæрстытимæ дыууæ цæджындзæй. Фыццаг цæджындзы скъоладзаутæ ныффысдзысты номон хауæны æмхъæлæсоныл цы номдартæ фæвæййынц, уыдон дæттынон хауæны. Дыггаг цæджындзы та ныффысдзысты номон хауæны хъæлæсоныл цы номдартæ фæвæййынц, уыдон дæттынон хауæны.

Зæгъæм:

*Хур* - *æн* *Нинæ* - *йæн*

Иртасæн куыст кæнгæйæ, скъоладзаутæ скæндзысты хатдзæг.

*Номдарæн номон хауæны йæ бындуры кæройнаг мыр æмхъæлæсон куы уа, уæд дæттынон хауæны кæрон у* ***-æн.***

***Номдарæн номон хауæны йæ бындуры кæройнаг мыр хъæлæсон куы уа, уæд дæттынон хауæны кæрон у -йæн.***

Чиныджы раиртæст бакæсгæйæ, скъоладзаутæ абардзысты сæ хатдзæг раиртæстимæ.

65-æм фæлтæрæн баххæст кæнгæйæ, скъоладзаутæ раиртæст зæрдыл хуыздæр бадардзысты. Скъоладзаутæ рафысдзысты Къостайы æмдзæвгæйæ дæттынон хауæны номдартæ дыууæ цæджындзæй.

Фыццаг цæджындзы скъоладзаутæ фысдзысты дæттынон хауæны номдартæ кæрон *æн* - имæ.

Дыггаг цæджындзы та фысдзысты дæттынон хауæны номдартæ кæрон *йæн* - имæ.

Скæндзысты хатдзæг, кæд вæййы дæттынон хауæны кæрон *-æн* кæнæ кæрон - *йæн*. Дæттынон хауæны кæрæтты растфыссынад сæ зæрдыл бадардзысты.

**2)** Дарддæр ахуыргæнæг сывæллæттæн амоны иртæстон хауæны номдартæ, сæ фæрстытæ æмæ сæ кæрæттæ 67-æм фæлтæрæн æххæст кæнгæйæ. Æмбисæндтæн равзарын сæ хъуыды.

Бæрæггонд номдартæм фæрстытæ ратгæйæ, сбæрæг кæнын сæ хауæнтæ. Скæнын хатдзæг – *Номдартæ иртæстон хауæны домынц фæрстытæ кæмæй? цæмæй? кæцæй? кæдæй?* Фæбæрæг сын кæнын сæ бындуртæ æмæ кæрæттæ. Скæнын хатдзæг – иртæстон хауæнæн ис дыууæ кæроны -æ*й, -йæ.* Чиныджы бакæсын раиртæст. Зæрдыл æй бадарын.

**IV. Ног æрмæг бафидар кæнын.**

Скъоладзаутæн дарддæр равзарын кæнын (хибарæй куыст варианттæм гæсгæ) 68-æм æмæ 69-æм фæлтæрæнтæ. Уыдон сæххæстгæнгæйæ, скъоладзаутæ сæ зæрдыл хуыздæр бадардзысты иртæстон хауæны кæрæттæ.

68-æм фæлтæрæн æххæстгæнгæйæ, сывæллæттæ рафысдзысты иртæстон хауæны номдартæ æмæ сын фæбæрæг кæндзысты сæ кæрæттæ. Фæлтæрæны грамматикон хæслæвæрд ма баст у бæрæггонд дзырдтæн синонимтæ ссарынимæ. Афтæмæй скъоладзаутæ сæ зæрдыл æрлæууын кæндзысты, синонимтæ цы сты, уый.

69-æм фæлтæрæны сывæллæттæ, номдартæ дæттынон хауæны фысгæйæ, æххæст кæнынц дзырдбыд.

V. **Урочы кæронбæттæн.**

– Цавæр фæрстытæ домы дæттынон хауæн?

– Цавæр фæрстытæ домы иртæстон хауæн?

– Цавæр кæрæттæ ис номдарæн дæттынон хауæны?

– Цавæр кæрæттæ ис номдарæн иртæстон хауæны?

**V1. Хæдзармæ куыст**.

70-æм фæлтæрæны æмбисæндты мидис равзарын. Æрхæссын дæнцæгтæ, царды куыд пайдагонд цæуынц, уый тыххæй. Рафыссын сæ, рахицæн кæнын иртæстон хауæны номдарты кæрæттæ.

## 11-æм урок
## Арæзтон хауæн (Кæмæ? Цæмæ? Кæдæм? Кæдмæ?)
## Æддагбынатон хауæн (Кæуыл? Кæуыл?)

**Урочы нысантæ:** скъоладзаутæн бацамонын номдарты арæзтон æмæ æддагбынатон хауæнтæ. Бакусын ахуырдзауты ныхасы рæзтыл, гуырын сæм кæнын уарзондзинад алфамбылай дунемæ. Скъоладзауты бæстондæр базонгæ кæнын Къостайы сфæлдыстадимæ.

**Дзырдуат:** азымджын, фыды уæзæг, байзæддаг, æнувыд уæвын.

**Урочы цыд**

**I. Хæдзармæ куыст сбæрæг кæнын.**

**II. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын беседæйы хуызы.**

– Цы зонæм номдары тыххæй?

– Куыд ивынц номдартæ?

– Цы у тасындзæг?

– Цал хауæны ис ирон æвзаджы?

1) 71-æм фæлтæрæны хъуыдыйæдтæ бакæсгæйæ, скъоладзаутæ рабæрæг кæндзысты æмбисæндтæн сæ хъуыды, сæ нысаниуæг. Радзурдзысты царды æмæ сæ нæ ныхасы куыд пайда кæнæм, уый.

Фæлтæрæнæй бæрæггонд дзырдтæ рафысгæйæ æмæ сæм фæрстытæ ратгæйæ, скъоладзаутæ, номдарты таблицæмæ гæсгæ сбæрæг кæндзысты сæ хауæнтæ. Скæндзысты хатдзæг.

*Номдартæ арæзтон хауæны домынц фæрстытæ: Кæмæ? Цæмæ? Кæдæм? Кæдмæ? Арæзтон хауæны кæрон у:* ***-мæ.***

**Чиныджы бакæсын раиртæст. Зæрдыл æй бадарын.**

**III. Урочы ног темæйыл бакусын.**

1) 72-æм фæлтæрæн равзарæн ис дзургæйæ. Фæрстытæн дзуæппытæ ратгæйæ, ноджыдæр-ма иу хатт æрдзурæн ис номдары арæзтон хауæныл. Хъуыдыйæдтæ бакæсгæйæ, сывæллæттæ номдартæн хъуамæ фæбæрæг кæной сæ хауæнтæ.

Зæгъæм: *Сывæллæтты хъæлдзæг уынæр хъуыстис суанг хъæугæронмæ.*

*Хъуыстис цы? Уынæр. - Н.х.*

*Кæй уынæр? Сывæллæтты. – Г.х.*

*Хъуыстис кæдæм? Хъæугæронмæ. – Ар. х.*

Ацы фæлтæрæн сæххæстгæнгæйæ, скъоладзаутæ сбæрæг кæндзысты урочы темæ.

2) 73-æм фæлтæрæнæн ис ног æрмæг зæрдыл бадарыны нысан. Сывæллæттæ йæ æххæст кæнынц хибарæй. Æмдзæвгæйæ номдартæ рафысгæйæ, фæрстытæм гæсгæ сын сæ хауæнтæ сбæрæггæнгæйæ, скъоладзаутæ ног æрмæг сæ зæрдыл бадардзысты.

3) 74-æм фæлтæрæны текст бакæсгæйæ, сбæлвырд кæнын, сывæллæттæ Хетæгкаты Къостайы «Ирон фæндыр»-имæ зонгæ сты æви нæ.

– Радзурут ма Къостайы æмдзæвгæтæ.

– Цæмæн хонынц Къостайы Иры зарæггæнæг?

Текст фæрстытæм гæсгæ равзарыны фæстæ, сывæллæттæ бæрæггонд дзырдтæ рафысдзысты семæ баст дзырдтимæ. Фæрстытæ сæм ратгæйæ æмæ сын сæ кæрæттæ рахицæн кæнгæйæ, сбæрæг кæндзысты сæ хауæнтæ.

(Кæуыл?) Заремæ - *йыл.*
(Цæуыл?) бандон-*ыл.*
Скъоладзаутæ скæндзысты хатдзæг.

*Номдартæ* æддагбынатон *хауæны домынц фæрстытæ: Кæуыл? Цæуыл?*
*Æддагбынатон хауæны кæрон у:* ***-ыл, -йыл.***

**Чиныджы бакæсын раиртæст. Зæрдыл æй бадарын.**

Дарддæр ахуыргæнæг хъуамæ бацамона скъоладзаутæн æддагбынатон хауæны кæрон кæд вæййы ***-ыл,*** кæнæ ***-йыл.***

*Æддагбынатон хауæны кæрæтты растфыссынадыл* бакусыны тыххæй сæххæст кæнын 75-æм фæлтæрæн.

**IV. Ног æрмæг бафидар кæнын.**

1) 75-æм фæлтæрæн сæххæстгæнгæйæ, бакусын сывæллætты ныхасы рæзтыл. Тексты мидис фæрстытæм гæсгæ равзарыны фæстæ, бацархайын радзырд хи ныхæстæй радзурыныл.

– Цæмæн æрцард Хетæг рындзыл?

– Куыд æмбарут дзырдбаст «*мæ фыды уæзæг»?*

75-æм фæлтæрæнæй æддагбынатон хауæны номдартæ рафысгæйæ, фæрстытæм гæсгæ сын сæ хауæнтæ сбæрæггæнгæйæ æмæ сæ кæрæттæ рахицæнгæнгæйæ, скъоладзаутæ бацархайдзысты ног æрмæг бафидар кæныныл.

Фæлтæрæны грамматикон хæслæвæрд ма баст у бæрæггонд дзырдтæм антонимтæ ссарынимæ. Ацы хæслæвæрд сæххæстгæнгæйæ, скъоладзаутæ сæ зæрдыл æрлæууын кæндзысты ныхмæвæрд дзырдтæ.

**V. Урочы кæронбæттæн.**

– Цавæр фæрстытæ домынц номдартæ арæзтон хауæны?

– Цавæр фæрстытæ домынц домдартæ æддагбынатон хауæны?

– Цавæр кæрон ис арæзтон хауæны номдартæн ?

– Цавæр кæрæттæ ис номдартæн æддагбынатон хауæны?

– Кæд вæййы æддагбынатон хауæны номдартæн кæрон -*ыл*, кæнæ -*йыл?*

**VI. Хæдзармæ куыст.**

77-æм фæлтæрæны æмдзæвгæйы мидис равзарын ныййарджыты æххуысæй. Бæрæггонд дзырдтæ рафыссын, хуызæгмæ гæсгæ сын сбæрæг кæнын сæ хауæнтæ.

## 12-æм урок

## Цæдисон хауæн (Кæимæ? Цæимæ?)

## Хуызæнон хауæн (Кæйау? Цæйау? Куыд?)

**Урочы нысан:** скъоладзаутæн бацамонын номдарты цæдисон æмæ хуызæнон хауæнтæ. Бакусын сывæллæтты ныхасы рæзтыл. Сывæллæттæм гуырын кæнын уарзондзинад нæ алфамбылайы дунемæ.

**Дзырдуат:** мила, пиллон, куырис, пирæн, тæрккъæвда, пирæн.

### Урочы цыд

**I. Хæдзармæ куыст сбæрæг кæнын.**

**II. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.**

Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæныны тыххæй скъоладзаутæ сæххæст кæндзысты 78-æм фæлтæрæн.

Фæлтæрæны текстыл кусгæйæ сывæллæттæн фæбæрзоддæр уыдзæн сæ мадæлон æвзагыл дзурыны арæхстдзинад. Ахуыргæнæг, Хетæджы миниуджытыл бæстон æрдзургæйæ, бакæндзæн хъомыладон куыст. Равзардзæн скъоладзаутимæ хъуыдыйад «*Ирбегæн йæ лæппуйæ йæ зæрдæ рухс кæны»?*- йы мидис.

Дарддæр, текстæй нысан **(*)** цы номдарты фæстæ æвæрд ис, уыдон рафыссын æмæ сын сæ фæрстытæм гæсгæ сæ хауæнтæ сбæрæг кæнын.

*Хетæг-ыл (кæуыл?) – Æд-б. х.*
*бæлас-мæ (цæмæ?) – Ар. х.*
*сæлавыр-æй (цæмæй?) – Ирт. х.*
*Хетæг – (чи?) – Н. х.*
*хойрадж-ы (цæй?) – Г. х.*
*цуан-æй (кæцæй?) – Ирт. х*
*Ирбег-æн (кæмæн?) – Д. х.*

**III. Урочы ног темæйыл бакусын.**

1. 78-фæлтæрæны текстæй бæрæггонд дзырдтæ рафысгæйæ æмæ сыл бакусгæйæ, скъоладзаутæ æмæ ахуыргæнæг раргом кæндзысты урочы ног темæ.

Скъоладзаутæ хъуамæ сбæрæг кæной дзырдтæн *«хойрагимæ»* æмæ *«Ирбегимæ»* сæ хауæн æмæ сæ кæрæттæ таблицæмæ гæсгæ.

Цæимæ? – *хойрагимæ,* Кæимæ? – *Ирбегимæ,* кæрон *–имæ,* цæдисон хауæны кæй сты, уый сбæрæггæнгæйæ, скъоладзаутæ сæ зæрдыл æрлæууын кæндзысты рацыд æрмæг номдарты тасындзæджы тыххæй.

**Бакæсын раиртæст 42-æм фарсыл. Зæрдыл æй бадарын.**

2. 80-æм фæлтæрæны текстыл бакусгæйæ, ахуыргæнæг скъоладзауты базонгæ кæндзæн номдары хуызæнон хауæнимæ. Текстæй бæрæггонд дзырдтæ сæ фæрстытимæ рафысгæйæ, скъоладзаутæ фæбæрæг кæндзысты

дзырдтæн сæ кæрæттæ (-*ау*). Тасындзæджы таблицæмæ гæсгæ сын сбæлвырд кæндзысты сæ хауæнтæ.

Цæйау? – *дидинæгау,* кæрон -*ау* . Хуызæнон хауæн.

Цæйау? – *мигъау,* кæрон -*ау*. Хуызæнон хауæн.

Цæйау? – *цæстау,* кæрон –*ау*. Хуызæнон хауæн.

Цæйау? – *хурау,* кæрон -*ау*. Хуызæнон хауæн.

Дарддæр ахуыргæнæг фæйнæгыл скъоладзаутимæ раиртасæн куыст бакæнгæйæ, бацамондзæн хуызæнон хауæны ма номдартæн кæрон –*йау* дæр кæй вæййы, уый.

Кæйау? – *чызгау,* кæрон -*ау*.

Кæйау? – *лæппуйау,* кæрон -*йау*.

Цæйау? – *уызынау,* кæрон -*ау*.

Цæйау? – *уырыйау,* кæрон -*йау*.

Скъоладзаутæ скæндзысты хатдзæгтæ:

1) фæрстытæ *кæйау? цæйау?* цы номдартæ фæдомынц, уыдон сты *хуызæнон хауæны* номдартæ;

2) номдар æмхъæлæсон мырыл куы фæвæййы, уæд хуызæнон хауæны йæ кæрон вæййы – ***æ;***

3) номдар хъæлæсон мырыл куы фæвæййы, уæд хуызæнон хауæны йæ кæрон вæййы – ***йау***.

Чиныджы 43-æм фарсыл бакæсдзысты раиртæст.

Сæ хатдзæгимæ йæ абардзысты.

**IV. Ног æрмæг бафидар кæнын.**

Ног æрмæг бафидар кæнынæн чиныджы лæвæрд цæуы 81-æм, 82-æм, 83-æм, 84-æм фæлтæрæнтæ. Фæлтæрæнтæ сæххæст кæнæн ис куыд хибарæй, афтæ къæйттæй бакусгæйæ дæр.

Ацы фæлтæрæнтæ сæххæстгæнгæйæ, скъоладзаутæ бафидар кæндзысты сæ зонындзинæдтæ цæдисон æмæ хуызæнон хауæнты номдарты тыххæй.

Равзардзысты æмбисонд «*Куырис сыгъди æмæ йыл бæттæн худтис*»-ы хъуыды. Ахуыргæнæг, хъомыладон куыстгæнгæйæ, æрдзурдзæн адæймаджы хорз миниуджытыл.

83-æм фæлтæрæны грамматикон хæслæвæрд синонимтимæ баст кæй у, уымæ гæсгæ сæ скъоладзаутæ сæ зæрдыл æрлæууын кæндзысты.

*Хæмпус – фæлмæн.*

*Удаист фæкæнын – фæтæрсын кæнын.*

Фæлтæрæнтæ æххæстгæнгæйæ, скъоладзаутæ сбæрæг кæндзысты дзырдуатон дзырдты нысаниуæг (*мила, пиллон, куырис, пирæн, тæрккъæвда*), бакусдзысты сын сæ растфыссынадыл.

**V. Урочы кæронбæттæн.**

– Цæвæр фæрстытæ домы цæдисон хауæн?

– Цавæр фæрстытæ домы хуызæнон хауæн?

– Цавæр кæрæттæ ис номдарæн хуызæнон хауæны?

– Цæвæр кæрæттæ ис номдарæн цæдисон хауæны?

**VI. Хæдзармæ куыст**.

86-æм, 87-æм фæлтæрæнтæй иу сæххæст кæнын хæслæвæрдтæм гæсгæ.

**13-æм урок**
**Номдары тасындзæг бирæон нымæцы**

Урочы нысан: скъоладзаутæн бацамонын номдарты бирæон нымæцы тасындзæг, бирæон нымæцы æмæ иууон нымæцы номдарты тасындзæджы хицæндзинæдтæ. Бакусын ныхасы рæзтыл. Сывæллæттæм гуырын кæнын уарзондзинад Райгуырæн бæстæмæ æмæ алфамбылайы дунемæ.

**Дзырдуат:** лыстæн, тыллæг, хуыкком, зым, цым, уæрцц.

**Урочы цыд**

**I. Хæдзармæ куыст сбæлвырд кæнын.**

**II. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.**

88-æм фæлтæрæн æххæстгæнгæйæ, скъоладзаутимæ æрдзурын афæдзы афонтыл, æрдзы ивддзинæдтыл æмæ рæсугъддзинадыл. Æрдзурын Ирыстоны хъæдты хъæздыгдзинады темæйыл. Фæззæг афæдзы рæсугъддæр афонтæй иу кæй у, ууыл. Бакæнын хъомыладон куыст, æрдз бахъахъхъæныны тыххæй.

Фæлтæрæнтæ æххæстгæнгæйæ, скъоладзаутæ сбæрæг кæндзысты дзырдуатон дзырдты нысаниуæг (*лыстæн, тыллæг, хуыкком*), бакусдзысты сын сæ растфыссынадыл. Текстæй иууон æмæ бирæон нымæцы номдартæ къæйттæй рафысгæйæ, скъоладзаутæ рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæндзысты. Сфæлхат кæндзысты номдарты нымæц.

**III. Урочы ног темæйыл бакусын.**

Дарддæр ахуыргæнæг, фæйнæгыл скъоладзаутимæ раиртасæн куыст бакæнгæйæ, бацамондзæн бирæон нымæцы номдартæ арæзт кæй æрцæуынц фæсæфтуан -т- йы руаджы.

Сбæлвырд кæнын, бирæон нымæцы номдартæ цæмæй хицæн кæнынц иууон нымæцы номдартæй.

Бирæон нымæцы номдартæ тасындзæг кæнгæйæ, скъоладзаутæ скæндзысты хатдзæгтæ:

*Æмхъæлæсон мыртыл цы бирæон нымæцы номдарты бындуртæ фæвæййынц, уыдонæн сæ кæрæттæ иууон нымæцы номдартимæ сты æмхуызон, номон æмæ арæзтон хауæнтæй фæстæмæ. Хъæлæсон мыртыл цы*

*номдарты бындуртæ фæвæййынц, уыдонæн цæдисон хауæнæй фæстæмæ иуун æмæ бирæуон нымæцы вæййы алыхуызон хауæнтæ.*

Скъоладзаутæ сæ хатдзæгтæ абардзысты чиныджы раиртæстытимæ.

Ахуырдзаутæ сбæрæг кæндзысты, фæлтæрæны цы дзырдуатон дзырдтæ ис, уыдоны нысаниуæг (*зым, цым, уæрцц*).

Зæрдыл сæ хуыздæр бадарыны тыххæй семæ æрхъуыды кæнын хъуыдыйæдтæ.

**IV. Урочы кæронбæттæн.**

–Куыд арæзт цæуынц бирæон нымæцы номдартæ?

–Цавæр хицæндзинæдтæ ис иуун æмæ бирæон нымæцы номдарты кæрæтты тасындзæг кæнгæйæ?

**V. Хæдзармæ куыст**.

92-æм фæлтæрæн. Чиныджы лæвæрд таблицæтæм гæсгæ атасындзæг кæнын номдартæ *лæппу* æмæ *зым* иуун æмæ бирæуон нымæцты. Раиртæст зæрдыл бадарын.

## 14-æм урок
## Номдары бирæон нымæцы арæзты хицæндзинæдтæ

**Урочы нысан:** скъоладзаутæн бацамонын номдарты бирæон нымæцы арæзты хицæндзинæдтæ. Бацархайын скъоладзауты хъуыдыкæнынад фæбæрзонддæр кæныныл Бакусын сывæллæтты ныхасы рæзтыл. Сывæллæттæм гуырын кæнын уарзондзинад нæ алфамбылайы дунемæ.

**Дзырдуат:** тæрс, фурд, саск.

### Урочы цыд

**I. Хæдзармæ куыст сбæрæг кæнын.**

Ахуыргæнæг, скъоладзауты бирæон нымæцы тасындзæджы хицæндзинæдтæй бафæрсгæйæ, сбæрæг кæндзæн хæдзармæ куыст.

**II. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.**

93-æм фæлтæрæнмæ цы ныв лæвæрд цæуы, уымæ лæмбынæг æркæсгæйæ, скъоладзаутæ сæ тетрæдты ныффысдзысты бирæон нымæцы номдартæ æмæ сæ атасындзæг кæндзысты. Афтæмæй сæ зæрдыл æрлæууын кæндзысты рацыд æрмæг.

93-æм фæлтæрæн æххæстгæнгæйæ, скъоладзаутæ базонгæ уыдзысты Айларты Чермены æмдзæвгæ «Къæвда»-имæ. Сывæллæттæ, тексты мидис равзаргæйæ, сбæлвырд кæндзысты, цæмæн схуыдта автор къæвдайы «сойуарæг».

Æрдзурдзысты афæдзы афонтыл, æрдзы ивддзинæдтыл æмæ рæсугъддзинадыл. Фæззæг афæдзы рæсугъддæр афонтæй иу кæй у, ууыл.

Афтæмæй ахуыргæнæг бæстон бакусдзæн сывæллæтты дзургæ ныхасы рæзтыл.

Сывæллæттæм уарзондзинад нæ алфамбылайы дунемæ гуырын кæныны тыххæй, ахуыргæнæг бакæндзæн хъомыладон куыст æрдз бахъахъхъæныны тыххæй.

**III. Урочы ног темæйыл бакусын.**

1. 93-æм фæлтæрæны æмдзæвгæйæ бæрæггонд дзырдтæ къæйттæй иууон æмæ бирæон нымæцы рафысгæйæ, ахуыргæнæг скъоладзауты размæ æвæры проблемæ. Хъус æрдарын бирæон нымæцы номдарты хицæндзинæдтæм сæ фæсæфтуантæм гæсгæ.

Зæгъæм:

*нас – настæ,*

*нартхор – нартхæрттæ,*

*æртах – æртæхтæ,*

***дон – дæттæ,***

*хæдзар – хæдзæрттæ,*

*фæндаг – фæндæгтæ,*

*картоф – картæфтæ.*

Проблемæйыл кусгæйæ, скъоладзаутæ сæ хъус æрдардзысты кæцыдæр номдарты бирæон нымæцы фæсæфтуан *-т-* кæй фæдæргъвæтин ис æмæ дывæрæй фыст кæй æрцыд, уымæ. Иртасæн куыст кæнгæйæ, ахуырдзаутæ сбæрæг кæндзысты фæсæфтуан *-т-* кæй фæдæргъвæтин вæййы æмæ дывæрæй фыст кæй æрцæуы, уый баст кæй у иууон нымæцы номдарты быиндуримæ.

Скæндзысты хатдзæг: «Номдартæ æмхъæлæсонтæ **р,л,м,н,й,у** – йыл куы фæвæййынц æмæ бирæон нымæцы быиндурон хъæлæсонтæ **а, о æ**-йæ ивд куы æрцæуынц, уæд бирæон нымæцы фæсæфтуан *-т-* фæдæргъвæтин вæййы æмæ фыст æрцæуы дывæрæй».

2. Раиртасæн куыст дарддæр ахæццæ кæнгæйæ, ахуырдзаутæ хъус æрдардзысты æмхъæлæсон *-н*-йыл цы номдартæ фæвæййынц, уыдонæй бирæон нымæцы формæтæ аразгæйæ, быиндурон æмхъæлæсон *-н* йæхи куыд дары, уымæ. Скъоладзаутæ, *дон*-æй бирæон нымæц аразгæйæ, быиндурон æмхъæлæсон кæй ахауд *(дон – дæттæ)*, уый бафиппайгæйæ, сæ хъуыдытæ раргом кæндзысты. Скæндзысты дыккаг хатдзæг дæр.

3. 97-æм фæлтæрæны текстæй бæрæггонд иууон нымæцы номдартæ сæ бирæон нымæцы формæтимæ къæйттæй рафысгæйæ, сывæллæттæ сæ фиппаинæгтæ раргом кæндзысты, скæндзысты хатдзæг:

*Номдарты быиндур æмхъæлæсон мырты къордыл куы фæвæййы, уæд бирæон нымæцы фæсæфтуан -т- йы размæ фæзыны хъæлæсон: арс – æрсытæ, уæрцц – уæрццытæ, дзыхъхъ – дзыхъхъытæ.*

4. Дарддæр, номдары бирæон нымæцы арæзты хицæндзинæдтимæ зонгæ кæнгæйæ, скъоладзаутæ сæххæст кæндзысты 99-æм фæлтæрæн.

Хъуыдыйæдты къæлæтты æвæрд номдартæ хъæугæ формæты æвæргæйæ, ахуырдзаутæ раиртасдзысты номдартæ æмхъæлæсон мырты къордтыл куы фæвæйййынц, уæд сæ фæстаг æмхъæлæсонтæ **г, к, къ** бирæон нымæцы ивд кæй æрцæуынц **дж, ч, чъ**-йæ.

Скъоладзаутæ сæ хатдзæгтæ абардзысты чиныджы фыст раиртæстимæ.

**IV. Ног æрмæг бафидар кæнын.**

Ног зонындзинæдтæ бафидар кæнынæн чиныджы лæвæрд ис 94-æм, 95-æм, 96-æм, 98-æм, 100-æм фæлтæрæнтæ. Уыдон сæххæст кæнæн ис куыд хибарæй, афтæ къæйттæй бакусгæйæ дæр.

Ацы фæлтæрæнтæ сæххæстгæнгæйæ, скъоладзаутæ бафидар кæндзысты урочы ног æрмæг.

Фæлтæрæнтæ æххæстгæнгæйæ ма скъоладзаутæ сбæрæг кæндзысты дзырдуатон дзырдты нысаниуæг (*тæрс, фурд, саск*), хъус æрдардзысты сæ растфыссынадмæ.

**V. Урочы кæронбæттæн.**

– Цавæр ивддзинадтæ бафиппайдтат номдарты быындурты иууон нымæцы номдартæй бирæон нымæцы формæтæ аразгæйæ?

– Кæд фæдæргъвæтин вæййы бирæон нымæцы фæсæфтуан - ***т***?

– Бирæон нымæцы формæтæ аразгæйæ, быындурон æмхъæлæсон - *н* йæхи куыд дары?

**VI. Хæдзармæ куыст**.

Сæххæст кæнын 101-æм фæлтæрæн йæ хæслæвæрдтæм гæсгæ.

## 15-æм урок
## Номдарты растфыссынад

**Урочы нысантæ:** бакусын номдарты растфыссынады æгъдæуттыл. Бацархайын скъоладзауты хъуыдыкæнынад фæбæрзонддæр кæныныл. Сывæллæтты ахуыр кæнын хæларæй цæрын.

**Дзырдуат:** раккуырсын.

**Урочы цыд**

**I. Хæдзармæ куыст сбæрæг кæнын.**

**II. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.**

Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын беседæйы хуызы.

– Цы у тасындзæг?

– Цал хауæны ис ирон æвзаджы?

–Цавæр ивддзинæдтæ бафиппайдтат номдарты быындурты, иууон нымæцы номдартæй бирæон нымæцы формæтæ аразгæйæ,?

– Кæд фæдæргъвæтин вæййы бирæон нымæцы фæсæфтуан -*т*?

**III. Урочы ног темæйыл бакусын.**

102-æм фæлтæрæны хъуыдыйæдтæ рафысгæйæ æмæ номдартæ хъæугæ хауæнты æвæргæйæ, сывæллæттæ раргом кæндзысты сæ хъуыдытæ сæ фиппаинæгтæм гæсгæ.

Скæндзысты хатдзæг. *Номдарты кæрæттæ гуырынон хауæны хъæлæсон* ***-ы-*** *йы размæ ивд æрцæуынц* ***дж, ч, чъ*** *–йæ æмхъæлæсонтæ* ***г, к, къ –*** *йыл куы фæвæййынц, уæд.*

Чиныджы раиртæст бакæсгæйæ сæ хатдзæг абардзысты раиртæстимæ.

**IV. Ног æрмæг бафидар кæнын.**

Ног зонындзинæдтæ бафидар кæнынæн чиныджы лæвæрд ис 103-æм, 104-æм, 105-æм, 106-æм, 107-æм фæлтæрæнтæ. Фæлтæрæнтæ сæххæст кæнæн ис куыд хибарæй, афтæ къæйттæй бакусгæйæ дæр.

Фæлтæрæнтæ сæххæстгæнгæйæ, скъоладзаутæ сæ зæрдыл æрлæууын кæндзысты, номдарæй бирæон нымæцы формæ куыд арæзт æрцæуы, уый, стæй номдарты бирæон нымæцы арæзты хицæндзинæдтæ.

103-æм фæлтæрæны цы æмбисонд лæвæрд цæуы, уый æвзаргæйæ æмæ йæ нæ цардимæ сбæтгæйæ, бакæнын хъомыладон куыст.

– Куыд æмбарут æмбисонды мидис?

– Цы ахъаз у куыст адæймаджы цардæн?

**V. Урочы кæронбæттæн.**

–Цавæр ивддзинæдтæ бафиппайдтат тасындзæг кæнгæйæ номдарты бындурты гуырынон хауæны?

**VI. Хæдзармæ куыст.**

108-æм фæлтæрæн сæххæст кæнын йæ хæслæвæрдтæм гæсгæ.

## 16-æм урок
## Контролон куыст

## 17-æм урок
## Миногон

**Урочы нысантæ:** сывæллæттæн бацамонын ныхасы хай миногон. Бакусын сывæллæтты ныхасы рæзтыл. Сывæллæттæм гуырын кæнын уарзондзинад æрдзмæ, нæ алфамбылайы дунемæ.

**Дзырдуат:** кæлдым, хуыргарк.

**Урочы цыд**

**I. Хæдзармæ куыст сбæрæг кæнын.**

**II. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.**

109-æм фæлтæрæны текст бакæсын æмæ йын равзарын йæ мидис. Сывæллæтты хъус æрдарын æрдзы ивддзинæдтæм.

– Цавæр афæдзы афон æвдыст цæуы тексты?

– Цы ивдзинæдтæ æрцæуы æрдзы фæззæджы?

Тексты номдартæ ссаргæйæ æмæ сын сæ хауæнтæ фæбæрæг кæнгæйæ, скъоладзаутæ сæ зæрдыл æрлæууын кæндзысты рацыд æрмæг.

**III. Урочы ног темæйыл бакусын.**

1. 109-æм фæлтæрæны текст бакæсын æнæ бæрæггонд дзырдтæй.

– Куыд аивта текст æнæ бæрæггонд дзырдтæй?

– Цы ахадындзинад ис бæрæггонд дзырдтæн тексты?

Сбæрæг кæнын, цы ’вдисынц бæрæггонд дзырдтæ, цавæр фæрстытæ домынц. Ныффыссын сæ тетрæдты.

Скæнын хатдзæг: *Предметы миниуæг цы ныхасы хай æвдисы, уый хуыйны миногон.*

2. 111-æм фæлтæрæны æмдзæвгæ аив бакæсын æмæ йын равзарын йæ мидис, фæрстытæн дзуапп ратгæйæ.

– Цы хоны автор гæлæбу æмдзæвгæйы?

– Цæмæн абарста автор миты тъыфыл гæлæбуимæ?

– Сымах та йæ цæимæ абариккат?

Æмдзæвгæйы миногонтæ ссаргæйæ, хъус æрдарын сæ арæзтмæ.

Скæнын хатдзæг: *Миногонтæ уидаг дывæр кæныны æмæ фæсæфтуан **ид**-ы фæрцы арæзт куы вæййынц, уæд сæ фыссын хъæуы дефисимæ: бур-бурид, сау-сауид.*

Чиныджы бакæсын раиртæстытæ æмæ сæ абарын скъоладзауты хатдзæгтимæ. Æрхæссын дæнцæгтæ.

**IV. Ног æрмæг бафидар кæнын.**

110-æм, 111-æм, 112-æм, 113-æм, 114-æм, 115-æм фæлтæрæнтæ сæххæстгæнгæйæ, сывæллæттæ ног æрмæг бафидар кæндзысты. Фæлтæрæнтыл бакусæн ис хибарæй, къæйттæй æмæ иумæ.

**V. Урочы кæронбæттæн.**

– Цы базыдтат ногæй урочы?

– Цы у миногон?

– Цавæр фæрстытæ домы миногон?

– Цавæр ахадындзинад ис миногонтæн нæ ныхасы?

**VI. Хæдзармæ куыст.**

116-æм фæлтæрæн сæххæст кæнын йæ хæслæвæрдтæм гæсгæ.

**18-æм урок**

**Миногонты тасындзæг**

**Урочы нысантæ:** базонгæ кæнын сывæллæтты миногонты тасындзæгимæ. Бакусын ахуыргæнинæгты дзургæ ныхасы рæзтыл. Æрдзурын æрдзы рæсугъддзинадыл алы афæдзы афон дæр.

**Дзырдуат:** хивæнд, пæлæз, хæрдгæ, хъызт, чырс.

**Урочы цыд**

**I. Хæдзармæ куыст сбæрæг кæнын.**

**II. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын беседæйы хуызы.**

**III. Урочы ног темæйыл бакусын.**

1. 117-æм фæлтæрæны хъуыдыйæдтæ бакæсгæйæ хъус æрдарын миногонты арæзтмæ.

– Цы бафиппайдтат миногонты тасындзæджы?

Скъоладзаутæ бафиппайдзысты миногонтæн номдартимæ бастæй сæ кæрæттæ кæй нæ ивынц.

Скæндзысты хатдзæг.

2. 118-æм фæлтæрæн сæххæстгæнгæйæ, зæрдыл æрлæууын кæнын номдарты хауæнты кæрæттæ, хъус æрдарын миногонты кæрæттæ æнæ номдартæй куыд ивынц, уымæ. Абарын номдарты хауæнты кæрæттæ миногонты хауæнты кæрæттимæ.

119-æм фæлтæрæн сæххæстгæнгæйæ, скæнын хатдзæг. Миногонтæ номдартимæ баст куы нæ вæййынц, уæд сæ кæрæттæ кæй ивынц, ома, тасындзæг кæнынц номдарты хуызæн.

Зæрдыл бадарын номдарты æмæ миногонты кæрæттæ.

Чиныджы бакæсын раиртæстытæ. Абарын сæ сывæллæтты хатдзæгтимæ. Зæрдыл сæ бадарын.

**IV. Ног æрмæг бафидар кæнын.**

120-æм фæлтæрæн æххæст кæнгæйæ, æрдзурын хъуыдыйæдты мидисыл. Ссарын тексты миногонтæ, бацамонын сын сæ хауæнтæ. Иумæйаг цавды æгъдæуттæ зæрдыл æрлæууын кæнын.

121-æм фæлтæрæн сæххæстгæнгæйæ, бакусын ныхасы рæзтыл.

Дзырдуатон дзырдтæн сбæрæг кæнын сæ мидис. Хъус æрдарын, ныхасы сæ куыд пайда кæнæм, уымæ. Сæххæст кæнын грамматикон хæслæвæрдтæ. Дзырдбыды цы дзырд æмбæхст ис, уый сбæрæг кæнын æмæ йæ атасындзæг кæнын.

**V. Урочы кæронбæттæн.**

– Цы базыдтат абоны урочы ногæй?

– Цы у миногон?

– Цавæр фæрстытæн дзуапп дæттынц миногонтæ?

– Куыд тасындзæг кæнынц миногонтæ?

**VI. Хæдзармæ куыст.**

Раиртæст сахуыр кæнын, 122-æм фæлтæрæн сæххæст кæнын хæслæвæрдмæ гæсгæ.

## 19-æм урок
## Номивæг. Цæсгомон номивджытæ.

**Урочы нысантæ:** сывæллæттæн бацамонын номивæг æмæ цæсгомон номивджытæ иууон æмæ бирæон нымæцы. Бакусын скъоладзауты ныхасы рæзтыл. Сывæллæттæм гуырын кæнын кæрæдзимæ уарзондзинад æмæ æнгомдзинад.

**Урочы цыд**

**I. Хæдзармæ куыст сбæлвырд кæнын.**

**II. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.**

**III. Урочы ног темæйыл бакусын.**

123-æм фæлтæрæн сæххæсгæнгæйæ, бакусын сывæллæтты дзургæ ныхасы рæзтыл. Æфсымæрты ахастытæм хъус æрдаргæйæ, сывæллæттæм гуырын кæнын кæрæдзимæ уарзондзинад æмæ æнгомдзинад. Хъомыладон куыст бакæнын.

Равзарын æмбисонды (*Иунæгæй хъæды маргъ дæр нæ цæры*) мидис. Цардæй æрхæссын дæнцæгтæ.

Хъус æрдарын тексты бæрæггонд дзырдтæм. Сывæллæттæн раттын хæслæвæрд: бæрæггонд дзырдтæ сæ хъуыдымæ гæсгæ æндæр дзырдтæй баивын.

Сбæлвырд кæнын бæрæггонд дзырдты нысаниуджытæ тексты.

Афтæ сывæллæттæ базонгæ уыдзысты номивæгимæ. Номивæг ныхасы хай кæй у, ууыл æрдзурын.

Чиныджы 65-æм фарсыл раиртæст бакæсын.

2. 124-æм фæлтæрæны таблицæ цæсгомон номивджытæй баххæстгæнгæйæ, сывæллæттæ базондзысты цæсгомон номивджытæн кæй ис 3 цæсгомы (хи тыххæй дзурæг; кæимæ дзурæм, уыдон; кæй тыххæй дзурæм, уыдон).

*Хи тыххæй дзурæг у фыццаг цæсгом: æз, мах.*

*Кæимæ дзурæм, уый у дыккаг цæсгом: ды, сымах.*

*Кæй тыххæй дзурæм, уый у æртыккаг цæсгом: уый, уыдон.*

Скæнын хатдзæгтæ. Чиныджы бакæсын раиртæстытæ æмæ сæ зæрдыл бадарын.

**IV. Ног æрмæг ныффидар кæнын.**

125-æм фæлтæрæныл бакусæн ис хибарæй. Уыци-уыци базонын, ссарын цæсгомон номивджытæ, рафыссын сæ бирæон нымæцы формæтимæ.

126-æм, 127-æм фæлтæрæнтæ сæххæстгæнгæйæ, скъоладзаутæ бафидар кæндзысты урочы ног æрмæг.

**V. Урочы кæронбæттæн.**

– Цы базыдтат ногæй урочы?

– Цы у номивæг?

– Цал цæсгомы ис номивæгæн?

**VI. Хæдзармæ куыст**.

128-æм фæлтæрæн сæххæст кæнын, лæвæрд номивджытимæ хъуыдыйæдтæ æрхъуыды кæнгæйæ.

## 20-æм урок
## Цæсгомон номивджыты тасындзæг

**Урочы нысантæ:** скъоладзаутæн бацамонын цæсгомон номивджыты тасындзæг. Бакусын скъоладзауты ныхасы рæзтыл æмæ растфыссынады æгъдæуттыл. Сывæллæттæм гуырын кæнын уарзондзинад адæмон сфæлдыстадмæ.

**Дзырдуат:** сæнттæ цæгъдын.

### Урочы цыд

**I. Хæдзармæ куыст сбæлвырд кæнын.**

**II. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.**

– Цы у номивæг?

– Цал цæсгомы ис номивæгæн?

– Цы амонынц фыццаг цæсгомы номивджытæ: æз, мах? (Хи тыххæй дзурæг).

– Цы амонынц дыккаг цæсгомы номивджытæ: ды, сымах? (Кæимæ дзурæм, уый).

– Цы амонынц æртыккаг цæсгомы номивджытæ: уый, уыдон ? (Кæй тыххæй дзурæм, уый).

**III. Ныхасы рæзтыл бакусын.**

129-æм фæлтæрæн сæххæсгæнгæйæ, сывæллæттæ текстæн сбæрæг кæндзысты йæ жанр. Аргъауы мидисыл бакусгæйæ, ахуыргæнæг бакæндзæн хъомыладон куыст. Скъоладзаутæ дарддæр бацархайдзысты аргъауæн кæрон æрхъуыды кæныныл. Афтæмæй фæхъæздыгдæр уыдзæн сывæллæтты дзургæ ныхас. Сывæллæтты хъус æрдарын рувас æмæ бирæгъы диалогмæ.

**IV. Урочы ног темæйыл бакусын.**

1. Ног æрмæг бацамонынæн ахуыргæнæг спайда кæндзæн 130-æм фæлтæрæнæй. Аргъауы текстæй бæрæггонд дзырдтæ рафысгæйæ, скъоладзаутæ фыцагдæр сбæрæг кæндзысты, цавæр ныхасы хаймæ хауынц, уый. Дарддæр номивджытæм фæрстытæ ратгæйæ, скъоладзаутæ бафиппайдзысты, номивджытæ тасындзæг кæй кæнынц, уый.

Скæнын хатдзæг номивджыты тасындзæджы тыххæй.

Бакæсын раиртæст чиныджы 69-æм фарсыл.

2. Иртасæн дзургæ куыст. Скъоладзаутæ лæмбынæг бакусдзысты 131-æм фæлтæрæны таблицæтыл. Тасындзæг кæнгæйæ абардзысты номдартæ æмæ номивджыты кæрæттæ. Бафиппайдзысты цæсгомон номивджытæн ирон æвзаджы кæй ис дыууæ хуызы: цыбыр æмæ æххæст.

Номон æмæ хуызæнон хауæнты номивджытæн нæй цыбыр хуызтæ. Номивджытæ *уый, мах* æмæ *сымах* номон æмæ гуырынон хауæнты тасындзæг кæнынц æмхуызон. Кæрæдзийæ сæ равзарæн ис фæрстытæм гæсгæ. Скъоладзаутæ скæндзысты хатдзæгтæ.

**V. Ног æрмæг ныффидар кæнын.**

Ног зонындзинæдтæ бафидар кæнынæн чиныджы лæвæрд цæуынц 132-æм, 133-æм, 134-æм фæлтæрæнтæ. Фæлтæрæнтæ сæххæст кæнæн ис куыд хибарæй, афтæ къæйттæй бакусгæйæ дæр.

133-æм фæлтæрæн сæххæстгæнгæйæ, грамматикон хæслæвæрдæй уæлдай, скъоладзаутæ бамбарын кæндзысты æмбисæндты мидис.

**VI. Урочы кæронбæттæн**.

– Цы базыдтат ацы урочы ногæй?

– Цы у номивæг?

– Куыд тасындзæг кæнынц номивджытæ?

**VII. Хæдзармæ куыст**.

Хæдзармæ куыст баст у сфæлдыстадон куыстимæ. 135-æм фæлтæрæны лæвæрд номивджыты цыбыр формæтимæ æрхъуыды кæнын хъуыдыйæдтæ. Номивджытимæ хъуыдыйæдтæ æрхъуыдыгæнгæйæ, скъоладзаутæн сырæздзысты сæ креативон хъуыдыкæнынад æмæ æппæт универсалон ахуырадон архæйдтытæ.

## 21-æм урок
## Цæсгомон номивджытæ фæлхат кæнын

**Урочы нысантæ:** фæлхат кæнын цæсгомон номивджыты тасындзæг. Бакусын ахуыргæнинæгты хъуыдыкæнынад рæзыныл. Сывæллæттæм гуырын кæнын уарзондзинад фæллой кæнынмæ, ахуыр сæ кæнын куыстуарзаг уæвыныл.

**Дзырдуат:** фæрсылæй, мæлгъæвзаг.

**Урочы цыд**

**I. Хæдзармæ куыст сбæлвырд кæнын.**

**II. Ныхасы рæзтыл бакусын.**

136-æм фæлтæрæны текстыл бакусгæйæ, ахуыргæнæг бакæндзæн хъомыладон куыст. Сывæллæтты хъуыдытæ бафтаудзæн, фæллой кæнын адæймаджы царды стыр ахъаз кæй у, ууыл.

Скъоладзаутæ равзардзысты адæмон сфæлдыстадæй ист æмбисонд - радзырд. Сбæлвырд ын кæндзысты йæ сæйраг хъуыды. Бамбарын кæндзысты, цы бæллæх æрцыд сæрдасæныл æмæ цæмæн? Гæнæн ис æмæ ахæм бæллæх адæймагыл дæр æрцæуудзæн æви нæ?

Тексты бынмæ цы æмбисонд лæвæрд цæуы (*Лæугæ дон хъуына кæны*), уымæн йæ хъуыды тексты мидисимæ бабæттын. Абарын сын сæ мидис кæрæдзиуыл. Зæгъын, цы ис иудзинадæй се ’хсæн.

Скъоладзаутæн, сæ хъуыдытæ дзургæйæ, райрæздзæн сæ дзургæ ныхас, рапарахат уыдзысты цæсгомон æмæ коммуникативон универсалон ахуырадон архæйдтытæ.

**III. Урочы темæйыл бакусын.** Рацыд æрмæг фæлхат кæнын.

Дарддæр 137-æм, 138-æм, 139-æм, 140-æм, 141-æм æмæ 142-æм фæлтæрæнты грамматикон хæслæвæрдтæ баст сты номивæджы тасындзæгимæ. Скъоладзаутæ фæлтæрæнты хъуыдыйæдтæ рафысгæйæ, къæлæтты æвæрд фæрстыты бæсты хъæугæ номивджытæ æвæргæйæ, номивджытæ тасындзæггæнгæйæ, сæ цæсгæмттæ, хауæнтæ æмæ сын сæ нымæцтæ сбæрæггæнгæйæ, сфæлхат кæндзысты рацыд æрмæг цæсгомон номивджыты тыххæй.

Фæлтæрæнтæ баххæст кæнæн ис куыд иумæ, афтæ хибарæй кусгæйæ дæр, къордтæй кæнæ къæйттæй архайгæйæ.

**IV. Урочы кæронбæттæн.**

– Цы фæлхат кодтам урочы?

– Куыд тасындзæг кæнынц номивджытæ?

**V. Хæдзармæ куыст.**

143-æм фæлтæрæны хъуыдыйæдты цухгонд бынæттæ баххæст кæнын хъæудзæн хъæугæ номивджытæй. Хъуыдыйæдты бахахх кæнын сæйраг уæнгты бын.

**22-æм урок**
**Мивдисæг. Мивдисæджы афонтæ**

**Урочы нысантæ:** сывæллæттæн раттын зонындзинæдтæ мивдисæджы тыххæй æмæ мивдисæджы афонты тыххæй. Бакусын ахуыргæнинæгты дзургæ ныхасы рæзтыл. Сывæллæттæм гуырын кæнын уарзондзинад нæ алфамбылайы дунемæ æмæ адæмон сфæлдыстадмæ.

**Дзырдуат:** дурадзагъдæй айсын, ссивын, фæрссаг, ныттарф, тарф.

**Урочы цыд**

**I. Хæдзармæ куыст сбæлвырд кæнын.**

**II. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.**

Ахуыргæнинæгты зæрдыл æрлæууын кæнын æртыккæгæм къласы мивдисæжы тыххæй цы базыдтой, уый беседæйы хуызы.

– Цы у мивдисæг?

– Цавæр фæрстытæ домы мивдисæг?

**III. Ныхасы рæзтыл бакусын.**

144-æм фæлтæрæны текст бакæсгæйæ, ахуыргæнæг скъоладзаутæм фæрстытæ ратгæйæ, тасындзæг кæнгæйæ, сывæллæтты бафтаудзæн хъуыды кæныныл. Равзардзысты аргъауы мидис. Ахуыргæнæг бакæндзæн хъомыладон куыст. Текст равзарыны фæстæ скъоладзаутæ бацархайдзысты аргъауæн æндæр сæргонд æрхъуыды кæныныл. Аргъау хи ныхæстæй радзурыныл. Афтæмæй ахуыргæнæг бацархайдзæн сывæллæтты текст хи ныхæстæй дзурыныл фæцалх кæныныл.

**IV. Урочы ног темæйыл бакусын.**

1.Дарддæр, скъоладзаутæ 144-æм фæлтæрæны грамматикон хæслæвæрд æххæстгæнгæйæ, рахиздзысты урочы ног æрмæгмæ.

Фæлтæрæны текстæй бæрæггонд дзырдтæ рафысгæйæ æмæ сæм фæрстытæ ратгæйæ, скъоладзаутæ сбæлвырд кæндзысты бæрæггонд дзырдтæ кæй æвдисынц предметы архайд. Фехъусын кæндзысты урочы темæ. Афтæ скъоладзаутæ базондзысты ныхасы хай мивдисæг. Сæ хъус æрдардзысты мивдисджыты арæзтмæ. Скæндзысты хатдзæг ахуыргæнæджы æххуыссæй.

*Иугай дзырдтæй цы мивдисджытæ арæзт вæййынц, уыдон сты хуымæтæг мивдисджытæ. Дыууæ кæнæ фылдæр дзырдтæй цы мивдисджытæ арæзт вæййынц, уыдон сты вазыгджын мивдисджытæ.*

144-æм фæлтæрæны мивдисджытыл дзургæйæ, скъоладзаутæ бафиппайдзысты, мивдисджытæй иутæ кæй æвдисынц архайд, дзургæ йыл кæд кæнæм, уыцы рæстæг кæй цæуы, уый.

Иннæтæ кæй æвдисынц архайд кæй цыди, дзургæ йыл цы рæстæг кæнæм, уый размæ.

Æртыккаг къорды мивдисджытæ æвдисынц архайд, кæцы цæудзæн, дзургæ йыл цы рæстæг кæнæм, уый фæстæ.

Афтæмæй скъоладзаутæ базондзысты мивдисæджы нырыккон, ивгъуыд æмæ суинаг афонтæ. Сæ хъуыдытæ абардзысты чиныджы раиртæстимæ.

**V. Ног æрмæг ныффидар кæнын.**

146-æм æмæ 147-æм фæлтæрæнты нысан у ног æрмæг ныффидар кæнын. Хуыздæр уыдзæн, скъоладзаутæ хибарæй куы бакусой, уæд. Уымæй ахуыргæнæг сбæрæг кæндзæн, скъоладзаутæ ног æрмæг бамбæрстой æви нæ.

146-æм фæлтæрæн æххæстгæнгæйæ, хъус æрдарын зымæджы нывтæм, æрдзурын æрдзы рæсугъддзинадыл.

Текстæй хуызæгмæ гæсгæ рафыссын мивдисджытæ сæ фæрстытимæ. Фæбæрæг сын кæнын сæ афон, цæсгом æмæ нымæц.

Сывæллæттæ бæрæг кæнынц сæ кæрæдзийы куыстытæ. Афтæ скъоладзаутæ рапарахат кæндзысты сæ регулятивон æмæ коммуникативон универсалон ахуырадон архæйдтытæ.

**VI. Урочы кæронбæттæн.**

– Цы базыдтат ногæй урочы?

– Цы у мивдисæг?

– Цал афоны ис мивдисæгæн?

**VII. Хæдзармæ куыст.**

148-æм фæлтæрæн. Текстæй рафыссын мивдисджытæ, цы номдартимæ баст сты, уыдонимæ, архайд кæцы афоны цæуы, уый сбæрæг кæнгæйæ.

## 23-æм урок
## Мивдисджыты ивынад нымæцтæм гæсгæ

**Урочы нысантæ:** скъоладзаутæн раттын зонындзинæдтæ мивдисджыты ивынады тыххæй нымæцтæм гæсгæ. Бакусын растфыссынады æгъдæуттыл. Сывæллæттæм гуырын кæнын уарзондзинад нæ алфамбылайы дунемæ, æрдзы рæсугъддзинадмæ.

**Дзырдуат:** дæрдбæлццонтæ, хæдзаронтæ.

**Урочы цыд**

**I. Хæдзармæ куыст сбæлвырд кæнын.**

**II. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.**

**Хъазт**. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнæн ис хъазты хуызы.

Ахуыргæнæг дзуры мивдисджытæ. Кæд мивдисæг нырыккон афоны æвæрд у, уæд сывæллæттæ хъуамæ сдарой сæ дыууæ къухы дæр. Кæд мивдисæг ивгъуыд афоны ис, уæд сывæллæттæ сдардзысты сæ галиу къух. Кæд мивдисæг суинаг афоны æвæрд у, уæд та – сæ рахиз къух.

Чи рамбула, уыдонæн сæвæрæн ис бæрæггæнæнтæ.

**III. Урочы ног темæйыл бакусын.**

Ног æрмæг базоныны тыххæй скъоладзаутæ бакæндзысты иртасæн куыст 149-æм фæлтæрæнæй пайда кæнгæйæ.

Текстæй мивдисджытæ рафысдзысты дыууæ цæджындзæй. Фыццаг цæджындзы фысдзысты иу предметы архайд цы мивдисджытæ æвдисынц, уыдон. Дыккаг цæджындзы та, цалдæр предметы архайд цы мивдисджытæ æвдисынц, уыдон.

Скъоладзаутæ скæндзысты хатдзæг: мивдисджытæн ис дыууæ нымæцы: иууон æмæ бирæон.

**IV. Ног æрмæг ныффидар кæнын.**

Сывæллæттæ, сæ зонындзинæдтæ ныффидар кæныны тыххæй, сæххæст кæндзысты 150-æм æмæ 151-æм фæлтæрæнтæ.

Бакусæн ис хибарæй, иумæ кæнæ къæйттæй.

Фæлтæрæнты хæслæвæрдтæ сæххæст кæныны размæ æнæмæнгæй равзарын хъæудзæн æмдзæвгæты мидис ахуыргæнæджы æххуысæй.

Сæххæст кæнын 152-æм фæлтæрæн. Æмдзæвгæйы хæслæвæрдтæн дзургæйæ дзуапп раттын. Мивдисджыты бын бахахх кæнын. Фæнысан сын кæнын сæ нымæц.

**V. Урочы кæронбæттæн.**

– Цы базыдтат урочы ногæй?

– Цы у мивдисæг?

– Цал нымæцы ис мивдисæгæн?

– Цавæр фæрстытæн дæттынц дзуапп иууон æмæ бирæуон нымæцы мивдисджытæ?

**VI. Хæдзармæ куыст.**

153-æм фæлтæрæны текст рафыссын, мивдисджыты бын бахахх кæнын. Фæбæрæг сын кæнын сæ нымæц æмæ афон.

## 24-æм урок
## Бæрæг кæнæм, цы базыдтам, уый

## 25-æм урок
## Мивдисджыты ивынад цæсгæмттæм гæсгæ

**Урочы нысантæ:** скъоладзаутæн бацамонын мивдисджыты ивынад цæсгæмттæм гæсгæ. Бакусын растфыссынады æгъдæуттыл. Бакусын ныхасы рæзтыл. Сывæллæттæм гуырын кæнын уарзондзинад нæ алфамбылайы дунемæ.

**Дзырдуат:** хъызт зымæг, къуыззитт кæнын, æвзидын.

## Урочы цыд

**I. Хæдзармæ куыст сбæлвырд кæнын.**

**II. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.**

Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнæн ис беседæйы хуызы.

– Цы у номивæг?

– Куыд ивынц номивджытæ цæсгæмттæм гæсгæ?

– Цы у мивдисæг?

– Цал афоны ис мивдисæгæн?

– Цавæр фæрстытæн дæттынц дзуапп иууон æмæ бирæон нымæцы мивдисджытæ?

**III. Ныхасы рæзтыл бакусын.**

154-æм фæлтæрæны текстæй пайда кæнгæйæ, ахуыргæнæг æмæ скъоладзаутæ бакусдзысты ныхасы рæзтыл. Тексты мидис равзарынæй уæлдай ма æрдзурдзысты æрдзы ивддзинæдтыл зымæджы. Куыд æххуыс кæнын хъæуы цъиутæн зымæг. Сывæллæттæм фæрстытæ ратгæйæ сæ ахуыргæнæг бафтаудзæн хъуыды кæнынмæ. Ахуыргæнæг бакæндзæн хъомыладон куыст.

Тексты мидис равзарыны фæстæ, скъоладзаутæ бацархайдзысты радзырд хи ныхæстæй дзурыныл. Ацы куыст скъоладзаутæн фæпайда уыдзæн изложенитæ фысгæйæ.

**IV. Урочы ног темæйыл бакусын.**

1. 154-æм фæлтæрæны текстæй скъоладзаутæ бæрæггонд мивдисджытæ рафысдзысты. Хъус æрдардзысты, мивдисджытæ сæ хъуыдымæ гæсгæ баст кæй вæййынц номивджытимæ, уымæ. Мивдисджыты кæрæттæ рахицæнгæнгæйæ, скъоладзаутæ бафиппайдзысты мивдисджыты кæрæттæ кæй ивынц, цавæр номивджытимæ баст сты, уыдонмæ гæсгæ. Скæндзысты хатдзæг.

**2.** Ныффыссын фæйнæгыл хъуыдыйæдтæ: *Мах гæды дæр уарзы хъармы* ***хуыссын****. Бур гæды пецы бын хъармы* ***хуыссы****.*

Абарын мивдисджытæ *хуыссын* æмæ *уарзы хуыссын*.

Скæнын хатдзæг: *Мивдисæг алы хатт нæ февдисы архайд кæй кæнæ цæй номæй цæуы, уый. Ома, нæ бон нæу мивдисæгæн сбæрæг кæнын йæ нымæц, йæ цæсгом, йæ афон. Мивдисджыты ахæм формæ хуыйны æбæлвырд формæ.*

Ног темæ ахуыр кæнгæйæ, скъоладзаутæ рапарахат кæндзысты сæ зонадон, регулятивон æмæ коммуникативон универсалон ахуырадон архæйдтытæ.

**V. Ног æрмæг ныффидар кæнын.**

1. Ног æрмæг ныффидар кæнынæн скъоладзаутæ сæххæст кæндзысты 155-æм фæлтæрæн. Æмдзæвгæйæ рафысдзысты мивдисджытæ æмæ сын сбæлвырд кæндзысты сæ нымæц æмæ сæ цæсгом.

2. 156-æм фæлтæрæныл къæйттæй бакусын. Лæвæрд мивдисджытæ номивджыты æххуысæй сæвæрын хъæугæ цæсгомы æмæ сæ баххæст кæнын дзырдбыд. Ацы фæлтæрæн æххæстгæнгæйæ, сывæллæттæ ахуыр кæнынц кæрæдзийы хъуыдымæ хъусын.

3. 157-æм фæлтæрæнæн дæр йæ нысан у ног æрмæг ныффидар кæнын. Скъоладзаутæ фæлтæрæн баххæст кæндзысты хибарæй кусгæйæ. Таблицæйы æххуысæй мивдисджыты формæтæ цæсгæмттæм гæсгæ ивгæйæ, скъоладзаутæ сæ зæрдыл бадардзысты мивдисджыты кæрæттæ.

**VI. Урочы кæронбæттæн.**

– Цы базыдтат ногæй урочы?

– Куыд ивынц мивдисджытæ?

**VII. Хæдзармæ куыст.**

159-æм фæлтæрæны хъуыдыйæдтæ рафыссын, мивдисджыты бын бахахх кæнын. Фæнысан сын кæнын сæ афон, цæсгом æмæ нымæц.

## 26-æм урок
## Цæсгомон номивджыты ивынад нырыккон афоны

**Урочы нысантæ:** сывæллæттæн бацамонын нырыккон афоны мивдисджытæ куыд ивынц цæсгæмттæм гæсгæ 1-аг æмæ 2-аг цæсгомы æмæ сын цавæр кæрæттæ ис. Бакусын мивдисæджы растфыссынады æгъдæуттыл. Бакусын скъоладзауты дзургæ ныхасы рæзтыл. Сывæллæттæм гуырын кæнын уарзондзинад нæ алфамбылайы дунемæ, гуырын кæнын тырнындзинад æрдз бахъахъхъæнынмæ.

**Дзырдуат:** абухгæ уылæнтæ, уыгæрдæн, Сæгъгæсы дон, къалати, хъан.

### Урочы цыд

**I. Хадзармæ куыст сбæлвырд кæнын.**

**II. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.**

– Цы у мивдисæг?

– Куыд ивынц мивдисджытæ?

– Цавæр мивдисджытæ хонæм цæсгомон мивдисджытæ?

– Цал цæсгомы ис мивдисæгæн?

– Цы у мивдисджыты æбæлвырд формæ?

Ӕрхæссын дæнцæгтæ.

**III. Ныхасы рæзтыл бакусын.**

160-æм фæлтæрæны нысан у скъоладзауты дзургæ ныхасы рæзтыл бакусын. Текстимæ базонгæ кæныны фæстæ ахуыргæнæг бакæндзæн дзырдуатон куыст. Скъоладзаутæ ахуыргæнæджы фæрстытæм гæсгæ равзардзысты тексты мидис.

– Чысыл дон стыр доны йемæ цæмæн хоны, цæуыл мæт кæны?

– Цæмæй у хъал чысыл дон?

– Цавæр ахастытæ ис дон æмæ чысыл суадоны æхсæн?

Ацы фæрстытæн дзуапп ратгæйæ, сывæллæттæ æрцæудзысты бæлвырд хатдзæгтæм. Скъоладзаутæ бафæлвардзысты текст хи ныхæстæй радзурыныл.

**IV. Урочы ног темæйыл бакусын.**

1. Нырыккон афоны мивдисджытæ цæсгæмттæм гæсгæ 1-аг цæсгомы куыд ивынц æмæ сын цавæр кæрæттæ ис, уый бацамоныны тыххæй спайда кæнæн ис 160-æм фæлтæрæны текстæй.

161-æм фæлтæрæн æххæст кæнгæйæ, раззаг текстæй скъоладзаутæ рафысдзысты бæрæггонд мивдисджытæ. Хуызæгмæ гæсгæ равзаргæйæ сын фæбæрæг кæндзысты сæ кæрæттæ. Зæрдыл бадардзысты нырыккон афоны мивдисджыты кæрæттæ 1-аг цæсгомы.

2. Нырыккон афоны мивдисджытæ куыд ивынц цæсгæмттæм гæсгæ 2-аг цæсгомы æмæ сын цавæр кæрæттæ ис, уый бацамоныны тыххæй спайда кæнæн ис 166-æм фæлтæрæны текстæй.

Ӕмдзæвгæйæ скъоладзаутæ рафысдзысты бæрæггонд мивдисджытæ æмæ сын фæбæрæг кæндзысты сæ кæрæттæ. Скæндзысты хатдзæгтæ.

Чиныджы лæвæрд раиртæстимæ абардзысты сæ хатдзæгтæ. Зæрдыл бадардзысты 2-аг цæсгомы нырыккон афоны мивдисджыты кæрæттæ.

**V. Ног æрмæг ныффидар кæнын.**

Ног æрмæг ныффидар кæныны тыххæй скъоладзаутæ сæххæст кæндзысты 162-æм, 163-æм, 164-æм, 165-æм, 167-æм фæлтæрæнтæ, ахуыргæнæджы равзæрстмæ гæсгæ. Скъоладзаутæ кусдзысты куыд хибарæй, афтæ иумæ дæр кæнæ та къæйттæй.

Фæлтæрæнты грамматикон хæслæвæрдтæ сæххæст кæнынæй уæлдай ма 162-æм фæлтæрæны сывæллæттæ базондзысты дзырд *«хъыбыллæ» цы у*, уый. 163-æм фæлтæрæны æрдзурын цъиуы хъысмæтыл. Ахуыргæнæг раргом кæндзæн сывæллæтты хъуыдытæ. Бакæндзæн хъомыладон куыст. Ахуыргæнæджы уынаффæмæ гæсгæ скъоладзаутæ Къостайы æмдзæвгæтæ сахуыр кæндзысты зæрдывæрдæй. Уый уыдзæн хæдзармæ куыст.

**VI. Урочы кæронбæттæн.**

– Цы базыдтат ногæй урочы?

– Цавæр кæрæттæ ис мивдисджытæн нырыккон афоны 1-аг æмæ 2-аг цæсгомы?

**VII. Хæдзармæ куыст**.

168-æм фæлтæрæн сæххæст кæнын. Цухгонд бынæттæ мивдисджыты хъæугæ кæрæттæй баххæст кæнгæйæ, ахуыргæнинæгтæ бафидар кæндзысты, урочы цы ног зонындзинæдтæ райстой, уыдон.

Чиныджы лæвæрд раиртæстытæ сахуыр кæнын.

## 27-æм урок

## Цæсгомон мивдисджыты ивынад ныррыкон афоны

**Урочы нысантæ:** сывæллæттæн бацамонын нырыккон афоны мивдисджытæ куыд ивынц цæсгæмттæм гæсгæ 3-аг цæсгомы æмæ сын цавæр кæрæттæ ис. Бакусын мивдисæджы растфыссынады æгъдæуттыл. Бакусын скъоладзауты дзургæ ныхасы рæзтыл. Сывæллæттæм гуырын кæнын уарзондзинад нæ алфамбылайы дунемæ.

**Дзырдуат:** туаггуыр, иугæндзон.

### Урочы цыд

**I. Хæдзармæ куыст сбæлвырд кæнын.**

**II. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.**

Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнынæн спайда кæнæн ис, ахуыргæнæн чиныджы раззаг урочы цы фæлтæрæнтæ æххæстгонд не рцыдысты, уыдонæй, ахуыргæнæджы равзæрстмæ гæсгæ. Скъоладзаутæ бакусдзысты иумæ.

**III. Ныхасы рæзтыл бакусын.**

169-æм фæлтæрæны тексты мидисыл кусгæйæ, скъоладзауты хъус æрдарын æрдзы ивдзинæдтæм. Сывæллæттæм гуырын кæнын уарзондзинад нæ алфамбылайы дунемæ.

– Зæгъут, сывæллæттæ, цы базыдтат ногæй ацы текст бакæсгæйæ? (туаггуыр-кислород).

– Куыд дарынц мæргътæ сæхи тъæнджы мæйы кæрон?

– Цæуыл фæцин кæнынц?

– Цæмæн хонынц адæм хъæд «зæххы рæуджытæ»?

**IV. Урочы ног темæйыл бакусын.**

169-æм фæлтæрæны текстæй ахуыргæнинæгтæ бæрæггонд мивдисджытæ рафысдзысты. Сæ афон, цæсгом æмæ сæ нымæц сбæлвырдгæнгæйæ, сывæллæттæ фæбæрæг кæндзысты мивдисджыты

кæрæттæ. Афтæ сбæлвырд кæндзысты нырыккон афоны мивдисджытæ куыд ивынц цæсгæмттæм гæсгæ 3-аг цæсгомы æмæ сын цавæр кæрæттæ ис.

Скæндзысты хатдзæгтæ. Чиныджы лæвæрд раиртæстимæ абардзысты сæ хатдзæгтæ. Зæрдыл бадардзысты 3-аг цæсгомы нырыккон афоны мивдисджыты кæрæттæ.

**V. Ног æрмæг ныффидар кæнын.**

Скъоладзаутæ кусдзысты куыд хибарæй, афтæ иумæ дæр, кæнæ та къæйттæй. Сæххæст кæндзысты 170-æм, 171-æм, 172-æм, 173-æм фæлтæрæнтæ. Фæлтæрæнтæ сæххæст кæнгæйæ, скъоладзаутæ ныффидар кæндзысты ног æрмæг. Сæ зæрдыл бадардзысты мивдисджытæн нырыккон афоны, 3-аг цæсгомы цавæр кæрæттæ ис, уый (иууон нымæцы -*ы*, бирæон нымæцы -*ынц*).

170-æм фæлтæрæны æмдзæвгæйы скъуыддзаджы мидис равзарын. Скъоладзауты хъус æрдарын, цавæр аивадон мадзæлттæй спайда кодта æмдзæвгæйы автор, цæмæй равдиса æрдзы цымыдисагдæр фæзындтæн сæ рæсугъддзинад.

171-æм фæлтæрæны уыци-уыцийæн йæ дзуапп у дзырд *хур.*

Хуры æмæ мæйы тыххæй скъоладзаутæн раттын наукон зонындзинæдтæ. Ацы ран сывæллæттæн равдисæн ис презентаци.

Урочы парахатгонд æрцæудзысты скъоладзауты регулятивон æмæ коммуникативон универсалон ахуырадон архæйдтытæ.

**VI. Урочы кæронбæттæн.**

– Цы базыдтат ногæй урочы?

–Цавæр кæрæттæ ис мивдисджытæн нырыккон афоны 3-аг цæсгомы?

**VI. Хæдзармæ куыст.**

174-æм фæлтæрæн. Рафыссын хъуыдыйæдтæ, бахахх кæнын мивдисджытæ. Рахицæн сын кæнын сæ кæрæттæ, сбæрæг сын кæнын сæ грамматикон æууæлтæ..

Дзырд *иугæндзон*-имæ æрхъуыды кæнын хъуыдыйад.

## 28-æм урок
## Цæсгомон номивджыты ивынад ивгъуыд афоны

**Урочы нысантæ:** сывæллæттæн бацамонын ивгъуыд афоны мивдисджыты ивынад цæсгæмттæм гæсгæ 1-аг æмæ 2-аг цæсгомы. Бакусын мивдисæджы растфыссынады æгъдæуттыл. Бакусын скъоладзауты дзургæ ныхасы рæзтыл. Сывæллæттæн уарзын кæнын нæ алфамбылайы дуне, æрдз.

**Дзырдуат:** æрдуз, хуыснæггад, Дайраны фидар.

### Урочы цыд

**I. Хæдзармæ куыст сбæлвырд кæнын.**

**II. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.**

Скъоладзаутæ ахуыргæнæн чиныджы 92-æм фарсыл лæвæрд таблицæмæ гæсгæ нырыккон афоны мивдисджыты ивынц цæсгæмттæм гæсгæ ( дзырдтæ дæтты ахуыргæнæг) Хицæн сын кæнынц сæ кæрæттæ.

**III. Ныхасы рæзтыл бакусын.**

175-æм фæлтæрæны текст бакæсын æмæ йын равзарын йæ мидис, фæрстытæн дзуапп ратгæйæ. Хъомыладон куыст бакæнын.

Сывæллæттæ раргом кæндзысты сæ хъуыдытæ радзырды хъайтарты тыххæй.

– Цæмæн æрхаста фыд сæгуыты лæппыны хæдзармæ?

– Куыд зылдысты Алан æмæ йæ фыд цæф сæгуытмæ?

– Цæрæгойтæм сымах та цы зæрдæ дарут?

Скъоладзаутæ радзурдзысты, хъайтарты бынаты уæвгæйæ, сæхи куыд равдыстаиккой, уый.

Тексты мидис равзарыны фæстæ, скъоладзаутæ бацархайдзысты радзырд хи ныхæстæй дзурыныл. Уый скъоладзаутæн фæпайда уыдзæн изложени фысгæйæ.

**IV. Урочы ног темæйыл бакусын.**

1. 175-æм фæлтæрæны текстæй ахуыргæнинæгтæ бæрæггонд мивдисджытæ рафысдзысты. Сæ афон, цæсгом æмæ сæ нымæц сбæлвырдгæнгæйæ, сывæллæттæ рахицæн кæндзысты мивдисджыты кæрæттæ. Афтæ сбæлвырд кæндзысты 1-аг цæсгомы ивгъуыд афоны иууон æмæ бирæон нымæцы мивдисджытæн цавæр кæрæттæ вæййы, уый.

2. 179-æм фæлтæрæны текст бакæсын. Равзарын ын йæ мидис. Зымæджы миниуджытæм хъус æрдарын. Радзурын, зымæг æмæ фæззæджы æхсæн цавæр быцæу æрцыд, ууыл, фæрстытæн дзуапп ратгæйæ.

179-æм фæлтæрæны текстæй ахуыргæнинæгтæ бæрæггонд мивдисджытæ рафысдзысты. Сбæлвырд сын кæндзысты сæ афон, цæсгом æмæ нымæц. Сæ кæрæттæ сын рахицæн кæндзысты. Афтæ сывæллæттæ базондзысты, 2-аг цæсгомы ивгъуыд афоны иууон æмæ бирæон нымæцы мивдисджытæн цавæр кæрæттæ вæййы, уый.

Скъоладзаутæ скæндзысты хатдзæгтæ. Чиныджы лæвæрд раиртæстимæ абардзысты сæ хатдзæгтæ. Зæрдыл бадардзысты 1-аг æмæ 2-аг цæсгомы ивгъуыд афоны мивдисджыты кæрæттæ.

**V. Ног æрмæг ныффидар кæнын.**

1. Дарддæр сывæллæттæ, ног æрмæг бафидар кæныны тыххæй, сæххæст кæндзысты 177-æм, 178-æм фæлтæрæнтæ. Сæ зæрдыл бадардзысты

мивдисджытæн ивгъуыд афоны, 1-аг цæсгомы цавæр кæрæттæ ис, уый. (Иууон нымæцы - *ы*, бирæон нымæцы -*ынц*).

Чиныджы лæвæрд æмбисондæн райхалын йæ хъуыды. *(Арсимæ кæрдо ничи цæгъды).*

– Куыд æмбарут æмбисонды мидис?

– Цæуыл нæ ахуыр кæны ацы æмбисонд?

178-æм фæлтæрæны тексты мидис бабæттын чиныджы лæвæрд æмбисондимæ.

**VI. Урочы кæронбæттæн.**

– Цы базыдтат ногæй урочы?

– Цавæр кæрæттæ ис мивдисджытæн ивгъуыд афоны 1-аг æмæ 2-аг цæсгомы?

**VII. Хæдзармæ куыст.**

181-æм фæлтæрæн сæххæст кæнын йæ хæслæвæрдтæм гæсгæ. Раиртæст сахуыр кæнын.

## 29-æм урок
## Цæсгомон мивдисджыты ивынад ивгъуыд афоны

**Урочы нысантæ:** сывæллæттæн бацамонын мивдисджыты ивынад цæсгæмттæм гæсгæ ивгъуыд афоны 3-аг цæсгомы æмæ сæ кæрæттæ. Бакусын мивдисæджы растфыссынады æгъдæуттыл. Бакусын скъоладзауты дзургæ ныхасы рæзтыл. Сывæллæтты зæрдæты гуырын кæнын уарзондзинад нæ алфамбылайы дунемæ, цæрæгойтæм.

**Дзырдуат:** мæ сæры хъуын арц абадти, санчъехтæ, мадæл, удисæг, цъала, йæ комыдæттæ æруадысты.

### Урочы цыд

**I. Хæдзармæ куыст сбæлвырд кæнын.**

**II. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын** беседæйы хуызы.

**III. Ныхасы рæзтыл бакусын.**

182-æм фæлтæрæны текст бакæсын. Фæрстытæн дзуапп раттын. Равзарын радзырды мидис.

– Цуаноныл цы цау æрцыд?

– Зæгъут ма, цæмæн аласта цуанон саджы хъæдмæ?

– Сымах та куыд бакодтаиккат цуаноны бынаты?

Сывæллæттæ дзурынц сæ хъуыдытæ.

Дарддæр сывæллæттæ бамбарын кæндзысты чиныджы лæвæрд æмбисонды хъуыды. (Сагæн – хъæд, дзæбидырæн – хох). Бабæтдзысты йæ радзырды мидсимæ.

Скъоладзаутæ бацархайдзысты радзырд хи ныхæстæй радзурыныл.

**IV. Урочы ног темæйыл бакусын.**

Урочы ног темæ бамбарын кæнынæн пайда кæнæм 182-æм фæлтæрæны текстæй.

Рафыссын бæрæггонд мивдисджытæ. Сбæлвырд сын кæнын сæ афон, цæсгом æмæ нымæц. Сæ кæрæттæ сын рахицæн кæнын æмæ сæ зæрдыл бадарын.

Скæнын хатдзæгтæ мивдисджыты ивгъуыд афоны 3-аг цæсгомы кæрæтты тыххæй. Чиныджы лæвæрд раиртæстимæ сæ абарын. Зæрдыл бадарын раиртæст.

**V. Ног æрмæг ныффидар кæнын.**

Сæххæст кæнын 184-æм, 185-æм æмæ 186-æм фæлтæрæнтæ сæ хæслæвæрдтæм гæсгæ. Фæлтæрæнтæ сывæллæттæ æххæст кæнынц хибарæй кæнæ къæйттæй.

184-æм фæлтæрæны грамматикон хæслæвæрд сæххæст кæнынимæ ма текстæн раттын хъæуы сæргонд æмæ йын æрхъуыды кæнын кæрон.

185-æм фæлтæрæны текстæй мивдисджытæ рафысгæйæ æмæ сæ лæвæрд таблицæйы æххуысæй равзаргæйæ, скъоладзаутæ бафидар кæндзысты ног æрмæг.

186-æм фæлтæрæны грамматикон хæслæвæрдтæй иу у – бæрæггонд дзырдтæн ссарын синонимтæ æмæ антонимтæ. Хæслæвæрд сæххæстгæнгæйæ, скъоладзаутæ сæ зæрдыл æрлæууын кæндзысты ныхмæвæрд дзырдтæ æмæ сæ хъуыдымæ гæсгæ хæстæг дзырдтæ.

**VI. Урочы кæронбæттæн.**

– Цы базыдтат ногæй урочы?

– Цавæр кæрæттæ ис мивдисджытæн ивгъуыд афоны 3-аг цæсгомы?

**VII. Хæдзармæ куыст.**

187-æм фæлтæрæн. Текст рафыссын. Мивдисджытæн фæнысан кæнын сæ афон, цæсгом æмæ нымæц. Дзырдбаст «*бæстæ сæ сæрыл систой*» -имæ æрхъуыды кæнын хъуыдыйад.

## 30-æм урок
## Цæсгомон мивдисджыты ивынад суинаг афоны

**Урочы нысантæ:** сывæллæттæн бацамонын суинаг афоны мивдисджыты ивынад цæсгæмттæм гæсгæ 1-аг æмæ 2-аг цæсгомы æмæ сæ кæрæттæ. Бакусын мивдисæджы растфыссынады æгъдæуттыл. Бакусын

скъоладзауты ныхасы рæзтыл. Сывæллæтты зæрдæты гуырын кæнын уарзондзинад нæ алфамбылайы дунемæ, цымыдисдзинад цæрæгойты цардмæ.

## Урочы цыд

**I. Хæдзармæ куыст сбæлвырд кæнын.**

**II. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.**

Зæрдыл æрлæууын кæнын мивдисджыты тыххæй цы сахуыр кодтой, уый беседæйы хуызы.

**III. Ныхасы рæзтыл бакусын.**

188-æм фæлтæрæны текст бакæсгæйæ, скъоладзаутæ сбæрæг кæндзысты аргъауы архайд кæцы афон цæуы, уый. Равзардзысты тексты мидис.

– Аргъауы сæргонд цæмæн хуыйны «Мæгуыр тæрхъус»?

– Цæмæн тагъд кодта тæрхъус хъæдмæ?

– Ӕрхъуыды ма кæнут аргъауæн кæрон.

Тексты мидисыл бакусгæйæ скъоладзаутæн фæхъæздыгдæр уыдзæн сæ дзургæ ныхас.

**IV. Урочы ног темæйыл бакусын.**

1. Ног æрмæг амынд цæуы 189-æм фæлтæрæнмæ гæсгæ. Фæлтæрæны хæслæвæрдмæ гæсгæ текстæй хъуамæ сывæллæттæ рафыссой бæрæггонд мивдисджытæ. Мивдисджытæн сæ афон, цæсгом, нымæц куы бацамоной, уæд сын фæбæрæг кæндзысты сæ кæрæттæ. Сæ зæрдыл сæ бадардзысты. Скæндзысты хатдзæгтæ мивдисджыты суинаг афоны 1-аг цæсгомы кæрætты тыххæй.

2. 191-æм фæлтæрæны текст бакæсын. Бакусын радзырды мидисыл. 192-æм фæлтæрæн æххæстгæнгæйæ раззаг фæлтæрæны текстæй рафыссын бæрæггонд мивдисджытæ. Бацамонын сын сæ афон, цæсгом, нымæц. Мивдисджыты кæрæттæ фæбæрæг кæнын.

Афтæ сывæллæттæ базондзысты ног æрмæг.

Скæндзысты, мивдисджытæн суинаг афоны 2-аг цæсгомы цавæр кæрæттæ ис, уый тыххæй хатдзæгтæ, бахъуыды кæндзысты кæрæттæ. Сæ хъуыдытæ абардзысты чиныджы раиртæстытимæ. Раиртæстытæ сæ зæрдыл бадардзысты.

**V. Ног æрмæг ныффидар кæнын.**

193-æм фæлтæрæнæн йæ нысан у ног æрмæг бафидар кæнын. Фæлтæрæнты хæслæвæрдтæ сæххæсгæнгæйæ, скъоладзаутæ хуыздæр

бахъуыды кæндзысты мивдисджыты кæрæттæ суинаг афоны 1-аг æмæ 2-аг цæсгомы.

193-æм фæлтæрæны лæвæрд мивдисджытæ суинаг афоны иууон æмæ бирæон нымæцты 2-аг цæсгомы æвæргæйæ, скъоладзаутæ бакæндзысты сфæлдыстадон куыст.

**VI. Урочы кæронбæттæн.**

– Цы базыдтат ногæй урочы?

– Цы у адæмон сфæлдыстад?

– Цавæр кæрæттæ ис мивдисджытæн суинаг афоны 1-аг æмæ 2-аг цæсгомы?

**VII. Хæдзармæ куыст.**

194-æм фæлтæрæн. Хуызæджы таблицæмæ гæсгæ лæвæрд мивдисджытæ сæвæрын суинаг афоны, 2-аг цæсгомы, иууон æмæ бирæон нымæцты. Сæ кæрæттæ сын фæбæрæг кæнын. Ӕрхъуыды кæнын семæ дзырдбæстытæ.

## 31-æм урок
## Цæсгомон мивдисджыты ивынад суинаг афоны

**Урочы нысантæ:** сывæллæттæн бацамонын ивгъуыд афоны мивдисджыты ивынад цæсгæмттæм гæсгæ 3-аг цæсгомы æмæ сæ кæрæттæ. Бакусын мивдисæджы растфыссынады æгъдæуттыл. Бакусын скъоладзауты дзургæ ныхасы рæзтыл. Сывæллæтты зæрдæты гуырын кæнын уарзондзинад нæ алфамбылайы дунемæ, цымыдисдзинад цæрæгойты цардмæ.

**Дзырдуат:** æвзартæ, гæды бæлас, къуызыр, фылдæргæнæг.

### Урочы цыд

**I. Хæдзармæ куыст сбæлвырд кæнын.**

**II. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.**

Скъоладзаутæ фæйнæгыл æвдыст таблицæмæ гæсгæ ивгъуыд афоны 1-аг æмæ 2-аг цæсгомы мивдисджыты ивынц цæсгæмттæм гæсгæ. Хицæн сын кæнынц сæ кæрæттæ.

**III. Ныхасы рæзтыл бакусын.**

195-æм фæлтæрæны текст бакæсын. Фæрстытæн дзуапп раттын. Тексты мидис æвзаргæйæ, скъоладзаутимæ æрдзурын, цы пайда хæссы хъæдхой хъæдæн, ууыл. Бацархайын радзырд хи ныхæстæй радзурыныл.

**IV. Урочы ног темæйыл бакусын.**

Ног æрмæг амынд цæуы 195-æм фæлтæрæнмæ гæсгæ. Фæлтæрæны хæслæвæрдмæ гæсгæ текстæй хъуамæ сывæллæттæ рафыссой бæрæггонд

мивдисджытæ. Сæ афон, цæсгом, нымæц бацамонгæйæ, мивдисджыты кæрæттæ фæбæрæг кæндзысты. Сæ зæрдыл сæ бадардзысты. Скæндзысты мивдисджытæн суинаг афоны 3-аг цæсгомы кæрæтты тыххæй хатдзæгтæ.

Скæндзысты хатдзæгтæ, мивдисджытæн суинаг афоны 3-аг цæсгомы цавæр кæрæттæ ис, уый тыххæй.

Сæ хъуыдытæ абардзысты чиныджы раиртæстытимæ. Раиртæстытæ сæ зæрдыл бадардзысты.

**V. Ног æрмæг ныффидар кæнын.**

Ног æрмæг ныффидар кæныны тыххæй скъоладзаутæ æххæст кæнынц 197-æм, 198-æм фæлтæрæнтæ сæ хæслæвæрдтæм гæсгæ. Фæлтæрæнтæ сывæллæттæ æххæст кæнынц хибарæй кæнæ къæйттæй.

Фæлтæрæнтæ сæххæстгæнгæйæ, сывæллæттæ скæндзысты хатдзæгтæ мивдисджыты ивгъуыд афоны 3-аг цæсгомы кæрæтты тыххæй.

**VI. Урочы кæронбæттæн.**

– Цы базыдтат ногæй урочы?

– Цавæр кæрæттæ ис мивдисджытæн ивгъуыд афоны 3-аг цæсгомы?

**VII. Хæдзармæ куыст.**

200-æм фæлтæрæн сæххæст кæнын йæ хæслæвæрдмæ гæсгæ. Раиртæст сахуыр кæнын.

## 32-æм урок
## Мивдисджыты растфыссынад

**Урочы нысантæ:** раттын скъоладзаутæн зонындзинæдтæ мивдисджыты кæрæтты растфыссынады тыххæй. Сывæллæттæн уарзын кæнын нæ алфамбылайы дуне.

**Дзырдуат:** стай, домбай, мæлхъ, уадул, дзæгъындзæг, фæливын.

### Урочы цыд

**I. Хæдзармæ куыст сбæлвырд кæнын.**

**II. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.**

Беседæйы руаджы зæрдыл æрлæууын кæнын мивдисджыты ивынад цæсгæмттæм гæсгæ нырыккон, суинаг, ивгъуыд афонты. Спайда кæнын чиныджы 201-æм фæлтæрæны лæвæрд таблицæйæ. Таблицæйы æххуысæй скъоладзаутæ лæвæрд мивдисджытæ аивдзысты афонтæм æмæ нымæцтæм гæсгæ.

**III. Ныхасы рæзтыл бакусын.**

202-æм фæлтæрæны тексты мидис фæрстытæм гæсгæ равзаргæйæ, скъоладзаутæн фæхъæздыгдæр уыдзæн сæ дзургæ ныхас. Ахуыргæнæг, ныхасы рæзтыл кусгæйæ, бамбарын кæндзæн дзырдуатон дзырдты нысаниуæг. Тексты мидис æвзаргæйæ, хъус æрдарын, дзывылдар цæуыл

сагъæс кодта, уымæ. Бакæнын хъомыладон куыст. Афæлварын текст хи ныхæстæй радзурыныл.

**IV. Урочы ног темæйыл бакусын.**

1. 202-æм фæлтæрæны текстæй бæрæггонд мивдисджытæ рафысгæйæ, скъоладзаутæ сбæлвырд кæндзысты мивдисджыты афон, цæсгом æмæ нымæц. Сæ кæрæттæ сын рахицæнгæнгæйæ, ахуыргæнæджы æххуыссæй бафиппайдзысты мивдисджытæн ивгъуыд афоны дыууæ хуызы кæрæттæ кæй ис, уый. Ивгъуыд афоны кæрæтты æмхъæлæсон *т* фæхъуысы *д*-йы хуызæн фæлæ йæ фыссын хъæуы раст (*т*). Æрхæсдзысты дæнцæгтæ. *Бадтæн, лæууыдтæн, цыдтæн, рывтон, хастон.*

Скъоладзаутæ сæ хъуыдытæ абардзысты чиныджы раиртæстимæ. Сæ зæрдыл æй бадардзысты.

2. Мивдисджытæ суинаг афоны, иуон нымæцы, 3-аг цæсгомы сæвæргæйæ, скъоладзаутæ ноджыдæр бафиппайдзысты, кæй сын ис æртæ хуызы дæр дзурæн. Ахуыргæнæджы амындмæ гæсгæ скæндзысты хатдзæг: *Мивдисджытæн суинаг афоны, иуон нымæцы, 3-аг цæсгомы ис дзурæн дæр æмæ фыссæн дæр æртæ хуызы. Зæгъæм: кæсдзæн, кæсдзæни, кæсдзæнис.*

Дарддæр ахуыргæнæг ахæм дæнцæгтæ æрхæсгæйæ (*лæууыд- лæууыди - лæууыдис, бадт- бадти- бадтис)* скъоладзауты хъуыдыйыл бафтаудзæн. Скæнын сын кæндзæн хатдзæг: *Ивгъуыд афоны мивдисджытæ иуон нымæцы, 3-аг цæсгомы дзурæн дæр æмæ фыссæн дæр ис æртæ хуызы.*

**V. Ног æрмæг ныффидар кæнын.**

Дарддæр ног æрмæг ныффидар кæныны тыххæй баххæст кæнын фæлтæрæнтæ 206-æм, 207-æм, 209-æм сæ хæслæвæрдтæм гæсгæ.

207-æм фæлтæрæн æххæстгæнгæйæ, бакæнын хъомыладон куыст. Скъоладзаутæ сæ хъуыдытæ зæгъдзысты хиппæлой тæрхъусы тыххæй.

**VI. Урочы кæронбæттæн.**

– Цы базыдтат ногæй урочы?

– Цавæр кæрæттæ ис мивдисджытæн алы афоны дæр?

**VII. Хæдзармæ куыст.**

210-æм фæлтæрæн хæслæвæрдтæм гæсгæ сæххæст кæнын. Раиртæст сахуыр кæнын.

## 33-æм урок
## Фæрсдзырд. Фæрсдзырдты æмбарынад

**Урочы нысантæ:** скъоладзаутæн раттын зонындзинæдтæ фæрсдзырдты тыххæй. Бакусын ахуыргæнинæгты хъуыдыкæнынад рæзын

кæныныл. Скъоладзаутæм гуырын кæнын уарзондзинад æмæ узæлындзинад цæрæгойтæм.

**Дзырдуат:** æврæгътæ, къуылдым, фæхстæ, рæгътæ.

**Урочы цыд**

**I. Хæдзармæ куыст сбæрæг кæнын.**

**II. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын а**хуыргæнæджы фæрстытæм гæсгæ.

**III. Ныхасы рæзтыл бакусын.**

1) Сæххæст кæнын ахуыргæнæн чиныджы 211-æм фæлтæрæн. Текст бакæсгæйæ æрдзурын афæдзы афонтыл, æрдзы ивддзинæдтыл.

– Цавæр афæдзы афон æвдыст цæуы тексты?

– Цавæр афæдзы афонтæ ма зонут? Ранымайут сæ.

– Радзурут-ма, уалдзæджы цавæр ивддзинæдтæ æрцæуы æрдзы, стæй адæймаджы царды?

Иуныхасæй бакусын скъоладзауты ныхасы рæзтыл. Бамбарын кæнын сывæллæттæн æнæмбаргæ дзырдты нысаниуæг.

**IV. Урочы ног темæйыл бакусын.**

Дарддæр ног æрмæг бацамоныны тыххæй 211-æм фæлтæрæны тексты бæрæггонд дзырдтæм раттын фæрстытæ. Æркæсын, цавæр ныхасы хæйттимæ баст сты, уымæ. Скъоладзаутæм раттын фарст.

– Бæрæггонд дзырдтæм цавæр ныхасы хайæ дæттæм фарст?

Бæрæггонд дзырдтæ рафыссын мивдисджытимæ, къæлæтты сын сæ фæрстытæ фысгæйæ.

Бæрæггонд дзырдты нысан хуыздæр бамбарыны тыххæй ахуыргæнæг домы, цæмæй сывæллæттæ текст æнæ бæрæггонд дзырдтæй бакæсой. Скъоладзаутæ сæ хъуыдытæ дзурынц. Уыдон бафиппайдтой, бæрæггонд дзырдтæ тексты кæй æвдисынц архайд кæм, кæд æмæ куыд цæуы, уый. Æнæ бæрæггонд дзырдтæй тексты хъуыды зын бамбарæн кæй у, уый.

Ахуыргæнæг бацамондзæн сывæллæттæн, бæрæггонд дзырдтæ фæрсдзырдтæ кæй хуыйнынц, уый. Фæрсдзырд у ныхасы хай.

Скъоладзаутæ кæнынц хатдзæг, фæрсдзырд мивдисæгимæ баст кæй у æмæ кæй æвдисы архайды æууæлтæ. Ахсджиаг у скъоладзаутæ хатдзæг сæхæдæг кæй скæндзысты, уый.

Скъоладзаутæ бакæсдзысты чиныджы раиртæст. Сæ зæрдыл æй бадардзысты.

**V. Ног ӕрмӕг ныффидар кӕнын.**

Ахуыргӕнинӕгтӕ ӕххӕст кӕнынц 212-ӕм, 213-ӕм ӕмӕ 214-ӕм фӕлтӕрӕнтӕ, ног ӕрмӕг бафидар кӕныны тыххӕй..

Ацы фӕлтӕрӕнтӕ сӕххӕстгӕнгӕйӕ, сывӕллӕттӕ сӕ зӕрдыл бадардзысты, фӕрсдзырд цы ӕвдисы ӕмӕ цавӕр фӕрстытӕ домы, уый. Скъоладзаутӕ ахуыргӕнӕджы ӕххуысӕй сбӕлвырд кӕндзысты архайды ӕууӕлтӕ цавӕртӕ вӕййынц, уый.

**VI. Урочы кӕронбӕттӕн.**

– Цы базыдтам ногӕй урочы?

– Цы хонӕм фӕрсдзырд?

– Цавӕр фӕрстытӕ домынц фӕрсдзырдтӕ?

– Цавӕр ныхасы хаимӕ баст вӕййынц фӕрсдзырдтӕ?

**VII. Хӕдзармӕ куыст.**

215-ӕм фӕлтӕрӕн. Лӕвӕрд фӕрсдзырдтӕй баххӕст кӕнын дзырдбӕстытӕ ӕмӕ сӕ тетрадмӕ рафыссын.

## 34-ӕм урок
## Фӕрсдзырд. Фӕрсдзырдты ӕмбарынад

**Урочы нысантӕ:** ахуыргӕнинӕгты зонындзинӕдтӕ фӕуӕрӕхдӕр кӕнын фӕрсдзырдты тыххӕй. Бакусын ныхасы рӕзтыл. Сывӕллӕтты ахуыр кӕнын лымӕн ӕмӕ хӕларӕй цӕрыныл.

**Дзырдуат:** ӕмбонд, хъисын, къӕрта, тӕрккъӕвда.

### Урочы цыд

**I. Хӕдзармӕ куыст сбӕрӕг кӕнын беседӕйы руаджы.**

**II. Рацыд ӕрмӕг зӕрдыл ӕрлӕууын кӕнын.**

Скъоладзаутӕ, дӕнцӕгтӕ ӕрхӕсгӕйӕ, дзуапп ратдзысты ахуыргӕнӕджы фӕрстытӕн.

– Цы хонӕм фӕрсдзырд?

– Цавӕр фӕрстытӕ домынц фӕрсдзырдтӕ?

– Цавӕр ныхасы хаимӕ баст вӕййынц фӕрсдзырдтӕ?

**III. Ныхасы рӕзтыл бакусын.**

216-ӕм фӕлтӕрӕны цы ӕмдзӕвгӕ лӕвӕрд ис, уый мидисыл ӕрдзурын. Бакӕнын хъомыладон куыст. Скъоладзауты зӕрдӕты гуырын кӕнын ӕнгомдзинад, лымӕндзинад ӕмӕ хӕлардзинад сӕ кӕрӕдзимӕ.

**IV. Урочы темӕйыл бакусын.**

Скъоладзаутӕ ӕххӕст кӕнынц 217-ӕм, 218-ӕм, 219-ӕм фӕлтӕрӕнтӕ.

Ацы фæлтæрæнтæ сæххæстгæнгæйæ, скъоладзаутæ бафидар кæндзысты фæрсдзырды тыххæй цы базыдтой, уый. Сæ зæрдыл хуыздæр бадардзысты, фæрсдзырд архайдæн кæй æвдисы йæ æууæлтæ. *(Архайд кæм цæуы, кæд цæуы,куыд цæуы æмæ афтæ дарддæр).*

219-æм фæлтæрæны нысан у сбæрæг кæнын, ахуырдзаутæ фæрсдзырдтæ æндæр ныхасы хæйттæй иртасын зонынц æви нæ, уый. Фæлтæрæн æххæстгæнгæйæ, сывæллæттæ сæ зæрдыл æрлæууын кæндзысты хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ. Сæ быны сын бахахх кæндзысты, сбæрæг кæндзысты, цавæр ныхасы хæйттæ сты, уый.

**V. Урочы кæронбæттæн.**

– Цы базыдтам ногæй урочы?

– Цы у фæрсдзырд?

– Цавæр фæрстытæ домы фæрсдзырд?

– Куыд баст у фæрсдзырд мивдисæгимæ?

**VI. Хæдзармæ куыст.**

220-æм фæлтæрæн. Фæрсдзырдтимæ саразын дзырдбæстытæ. Ныффыссын сæ тетрады.

## 35-æм урок
## Фæрсдзырдты растфыссынад

**Урочы нысантæ:** скъоладзаутæн раттын зонындзинæдтæ фæрсдзырдты растфыссынады тыххæй. Бакусын сывæллæтты дзургæ ныхасы рæзтыл.

**Дзырдуат:** дыгоппон цъиу, гутон, рагъхъæд, дун-дуне, Бонвæрнон, уæлвонгæй, дари, нывæфтыд.

### Урочы цыд

**I. Хæдзармæ куыст сбæрæг кæнын.**

**II. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын беседæйы хуызы.**

– Цы хонæм фæрсдзырд?

– Цавæр фæрстытæ домы фæрсдзырд?

– Цавæр ныхасы хаимæ баст вæййынц фæрсдзырдтæ?

Дæнцæгтæ æрхæссын.

221-аг фæлтæрæны текст аив бакæсын. Йæ мидис ын равзарын фæрстытæм гæсгæ. Текстæн æрхъуыды кæнын сæргонд. Сывæллæттæн бамбарын кæнын дзырдуатон дзырдты нысаниуæг. Уалдзыгон куыстытыл æрдзургæйæ, бакусын сывæллæтты дзургæ ныхасы рæзтыл.

**IV. Урочы ног темæйыл бакусын.**

Коллективон иртасæн куыст бакæнгæйæ, фæйнæгыл 221-аг фæлтæрæны текстæй рафысын фæрсдзырдтæ. Сывæллæтты хъус æрдарын сæ растфыссынадмæ.

– Зæгъут ма, цавæр къордтыл адих кæнæн ис ацы фæрсдзырдтæ?

– Куыд фыст сты вазыгджын фæрсдзырдтæ? (Æмхæстæй).

– Хуымæтæг фæрсдзырдтæн сæ кæроны цы фыст ис? *(-иау, -е)*

Афтæ скъоладзаутæ ахуыргæнæджы æххуысæй бафиппайдзысты вазыгджын фæрсдзырдтæ æмхæстæй фыст кæй сты. Фæрсдзырдты *дæле, уæле, фале* кæронæй фыссын хъæуы – *е.* Фæрсдзырдты *дæлиау, æрæджиау, фæстиау* кæронæй фыссын хъæуы – *иау.*

Скъоладзаутæ дыууæ цæджындзæй рафысдзысты фæрсдзырдтæ, фыцаг цæджындзы вазыгджын фæрсдзырдтæ, дыккаг цæджындзы та – хуымæтæг фæрсдзырдтæ.

Сывæллæттæ сæ хатдзæгтæ абардзысты чиныджы раиртæстимæ æмæ раиртæст сæ зæрдыл бадардзысты.

Вазыгджын фæрсдзырдтæ фыссын хъæуы æмхæстæй. Фæрсдзырдтæ *æрæджиау, дæлиау, уæлиау, фæстиау, фалиау* кæронæй фыссын хъæуы *-иау.* Фæрсдзырдтæ *дæле, уæле, фæсте, фале* кæронæй фыссын хъæуы *-е.*

**V. Ног æрмæг ныффидар кæнын.**

1. Ацы зонындзинад скъоладзаутæ бафидар кæндзысты 223-æм фæлтæрæн сæххæстгæнгæйæ, фæрсдзырдты цухгонд дамгъæтæ бавæргæйæ.

2. 224-æм фæлтæрæн сывæллæттæ æххæст кæнынц хибарæй кусгæйæ. Фæлтæрæн сæххæстгæнгæйæ, ахуырдзаутæ бафидар кæндзысты фæрсдзырдты растфыссынад. Уымæй уæлдай ма фæлтæрæны грамматикон хæслæвæрд баст у лексикæимæ. Фæрсдзырдтæн антонимтæ ссаргæйæ, сывæллæттæ сæ зæрдыл æрлæууын кæндзысты сæ хъуыдымæ гæсгæ ныхмæвæрд дзырдтæ, фæхъæздыгдæр уыдзæн сæ дзырдуатон сконд.

3. 223-æм, 224-æм, 225-æм, 226-æм, 227-æм, 228-æм, 229-æм фæлтæрæнтæн сæ нысан у фæрсдзырдты растфыссынад бафидар кæнын.

226-æм фæлтæрæн сæххæстгæнгæйæ, бакусын сывæллæтты дзургæ ныхасы рæзтыл. Бакæнын хъомыладон куыст. Тексты мидис равзарын фæрстытæм гæсгæ. Хи ныхæстæй йæ радзурын. Текстæн сæргонд æрхъуыды кæнын.

Бамбарын кæнын дзырдуатон дзырдты нысаниуæг. Уалдзæджы æрдзы цы ивддзинæдтæ æрцæуы, ууыл æрдзурын текстыл æнцойгæнгæйæ.

**VI. Урочы кæронбæттæн.**

– Цы у фæрсдзырд?

– Цавæр фæрстытæ домы фæрсдзырд?

– Цы базыдтат фæрсдзырдты растфыссынады тыххæй?

**VII. Хæдзармæ куыст.**

Чиныджы фæрсдзырдты растфыссынады тыххæй раиртæстытæ зæрдыл бадарын. 230-æм фæлтæрæнæй рафыссын хъуыдыйæдтæ, фæрсдзырдтæ цы ныхасы хæйттимæ баст сты, уыдоны бын бахахх кæнгæйæ.

**36 урок**
**Хъуыдыйад**

**Урочы нысантæ:** Раттын сывæллæттæн иумæйаг зонындзинæдтæ хъуыдыйады тыххæй. Бакусын скъоладзауты ныхасы рæзтыл. Сывæллæтты зæрдæты гуырын кæнын уарзондзинад нæ алфамбылайы дунемæ, цымыдисдзинад цæрæгойты цардмæ.

**Дзырдуат:** куырæт, нымæт, æрдуз.

**Урочы цыд**

**I. Хæдзармæ куыст сбæлвырд кæнын.**

**II. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.**

Скъоладзауты зæрдыл æрлæууын кæнын, хъуыдыйады тыххæй 3-аг къласы цы æрмæг ахуыр кодтой, уый.

– Цæмæй хицæн кæны хъуыдыйад дзырд æмæ дзырдбастæй?

– Цавæртæ вæййынц хъуыдыйæдтæ хъæлæсыуагмæ гæсгæ?

– Цавæр æрхæцæн нысæнттæ æвæрын хъæуы хъуыдыйæдты фæстæ?

**III. Урочы ног темæйыл бакусын.**

1. 231-æм фæлтæрæны текст, хъуыдыйæдтыл дих кæнгæйæ æмæ æрхæцæн нысæнттæ сæвæргæйæ, сывæллæттæн фæарфдæр уыдзысты сæ зонындзинæдтæ хъуыдыйады тыххæй.

Текстæн сæргонд æрхъуыды кæнын (зæгъæм: *Уалдзыгон къæвда*) æмæ йæ афтæмæй рафыссын тетрадмæ.

2. Бакусын скъоладзауты ныхасы рæзтыл 232-æм фæлтæрæны, радзырд кæронмæ ахæццæ кæнгæйæ. Æрдзурын уалдзыгон куыстытыл, радзырдыл æнцойгæнгæйæ. Скъоладзаутæ спайда кæндзысты лæвæрд дзырдтæй, дзырдбæстытæй æмæ нывæй.

Фæлтæрæны фыццаг æртæ хъуыдыйады абаргæйæ, скæнæн ис хатдзæг: *хъуыдыйад арæзт вæййы дзырдтæй, уыдон кæрæдзийыл баст вæййынц сæ хъуыдымæ гæсгæ æмæ грамматикон æгъдауæй. Хъуыдыйад арæзт вæййы иу дзырдæй дæр кæнæ дзырдбастæй, æххæст хъуыды куы æвдиса, уæд.*

**IV. Ног æрмæг ныффидар кæнын.**

Сæххæст кæнын 233-æм æмæ 234-æм фæлтæрæнтæ сæ хæслæвæрдтимæ.

**V. Урочы кæронбæттæн.**

– Цы базыдтам ногæй урочы?

– Цы у хъуыдыйад?

– Цавæртæ вæййынц хъуыдыйæдтæ?

**VI. Хæдзармæ куыст.**

236-æм фæлтæрæны текст адих кæнын хъуыдыйæдтыл æмæ йæ рафыссын тетрадмæ, æрхæцæн нысæнттæ раст сæвæргæйæ. Фыццаг хъуыдыйады бахахх кæнын сæйраг уæнгты бын

## 37-æм урок
## Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ

**Урочы нысантæ:** Раттын сывæллæттæн зонындзинæдтæ хъуыдыйады æмхуызон уæнгты тыххæй. Бацамонын сывæллæттæн, куыд æвæрын хъæуы æрхæцæн нысæнттæ хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ кæрæдзийæ хицæн кæныны тыххæй. Сывæллæтты зæрдæты гуырын кæнын уарзондзинад цæрæгойтæм.

**Дзырдуат:** адаг, агъоммæ, хæрзхъæд, пыхсбынтæ, фатхъæд, сæгуыт.

### Урочы цыд

**I. Хæдзармæ куыст сбæрæг кæнын.**

**II. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.**

– Цы у хъуыдыйад?

– Цæмæй хицæн кæны хъуыдыйад дзырд æмæ дзырдбастæй?

– Цавæртæ вæййынц хъуыдыйæдтæ хъæлæсыуагмæ гæсгæ?

– Цавæр æрхæцæн нысæнттæ æвæрын хъæуы хъуыдыйæдты фæстæ?

**III. Ныхасы рæзтыл бакусын.**

Сæххæст кæнын 237-æм фæлтæрæн.

Лæмбынæг бакæсын текст. Дзуапп раттын фæрстытæн. Æрдз хъахъхъæныны тыххæй хъомыладон беседæ скæнын. Бакусын сывæллæтты ныхасы рæзтыл.

**IV. Урочы ног темæйыл бакусын.**

1. Ног æрмæг скъоладзаутæн бамбарын кæныны тыххæй ахуыргæнæг скæндзæн иртасæн куыст. Скъоладзаутæ 237-æм фæлтæрæны тексты ссардзысты, уыцы иу фарстæн дзуапп чи дæтты æмæ уыцы иу хъуыдыйады уæнгимæ баст чи у, ахæм дзырдтæ. Рафысдзысты сæ тетрадмæ, цы дзырдтимæ баст сты, уыдонимæ, сæ фæрстытæ сын къæлæтты æвæргæйæ.

Скæндзысты хатдзæг: *уыцы иу фарстæн дзуапп чи фæдæтты æмæ уыцы иу хъуыдыйады уæнгимæ баст чи вæййы, ахæм дзырдтæ хуыйнынц хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ.*

2. 239-æм фæлтæрæны хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ ссаргæйæ, скъоладзаутæ сæ хъус æрдардзысты, хъуыдыйады æмхуызон уæнгты æхсæн цавæр æрхæцæн нысæнттæ ис, уымæ. Хатдзæг скæндзысты: *хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ кæрæдзийæ хицæн кæнын хъæуы къæдзыгтæй.*

3. 241-æм фæлтæрæны нысан у скъоладзаутæн раттын зонындзинæдтæ, хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ сæ æмбарынгæнæн дзырдтимæ иумæ куыд хицæн кæнын хъæуы кæрæдзийæ.

Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ арæх æмбæлынц æмбарынгæнæн дзырдтимæ. Зæгъæм, 241-æм фæлтæрæны.

*Мæнæ разындысты айнæг къæдзæхтæ, урссæр бæрзæндтæ, æнусон хъæдтæ.*

*Къæдзæхтæ, бæрзæндтæ, хъæдтæ* сты хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ (сæйраттæ).

Къæдзæхтæ (цавæр?) *айнæг,* бæрзæндтæ (цавæр?) – *урссæр,* хъæдтæ (цавæр?) – *æнусон.* Дзырдтæ *айнæг, урссæр, æнусон* сты æмбарынгæнæн дзырдтæ хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæн.

Мах уынæм, хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ кæрæдзийæ хицæнгонд сты сæ æмбарынгæнæн дзырдтимæ иумæ.

Скъоладзаутæ бакæсдзысты раиртæст чиныджы æмæ йæ сæ зæрдыл бадардзысты.

**V. Ног æрмæг ныффидар кæнын.**

240-æм æмæ 242-æм фæлтæрæнтыл скъоладзаутæ бакусдзысты хибарæй. Фæлтæрæнты хæслæвæрдтæ сæххæстгæнгæйæ, сывæллæттæ бафидар кæндзысты ног æрмæг хъуыдыйады æмхуызон уæнгты æхсæн æрхæцæн нысæнттæ æвæрыны тыххæй.

**VI. Урочы кæронбæттæн.**

– Цы базыдтат урочы ногæй?

– Цы хонæм хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ?

–Фысгæйæ сæ кæрæдзийæ куыд хицæн кæнынц хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ?

**VII. Хæдзармæ куыст.**

243-æм фæлтæрæн. Текстæн æрхъуыды кæнын кæрон æмæ йæ ныффыссын. Пайда кæнын хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæй.

## 38-æм урок
## Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ

**Урочы нысантæ:** скъоладзаутæн раттын зонындзинæдтæ, хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ бæттæг *æмæ*-йæ, кæнæ та ныхмæвæрд бæттæгтæ *фæлæ* кæнæ *та*-йæ баст куы уой, уæд се хсæн цавæр æрхæцæн нысæнттæ æвæрын хъæуы, уый тыххæй. Ныффидар кæнын хъуыдыйады æмхуызон уæнгты растфыссынад. Бакусын сывæллæтты ныхасы рæзтыл. Сывæллæтты зæрдæты гуырын кæнын уарзондзинад адæмон сфæлдыстадмæ.

### Урочы цыд

**I. Хæдзармæ куыст сбæрæг кæнын.**

**II. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын беседæйы хуызы.**

– Цы у хъуыдыйад?

– Цы сты хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ?

– Фысгæйæ хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ сæ æмбарынгæнæн дзырдтимæ куыд хицæнгонд цæуынц?

**III. Ныхасы рæзтыл бакусын.**

– Цы у адæмон сфæлдыстад?

– Адæмон сфæлдыстады цавæр жанртæ зонут?

– Байхъусут ма аргъаумæ.

Ахуыргæнæг сывæллæтты базонгæ кæндзæн аргъау «Цæргæс, халон æмæ фыййау» - имæ. Бакæндзæн хъомыладон куыст.

– Куыд бафтыд халон фыййауы къухы?

– Цæмæй фæрæдыд халон?

– Цæуыл нæ ахуыр кæны ацы аргъау?

**IV. Урочы ног темæйыл бакусын.**

1. 244-æм фæлтæрæны текстæй хъуыдыйæдтæ æмхуызон уæнгтимæ рафысгæйæ, ахуыргæнæг фæрсы:

– Сывæллæттæ, æрхæцæн нысæнтты æвæрдмæ цæст æрдаргæйæ, зæгъут, хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ кæрæдзийæ къæдзыгтæй хицæнгонд кæд нæ вæййынц? (Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ бæттæг *æмæ*-йæ баст куы уой, уæд се 'хсæн æрхæцæн нысæнттæ æвæрын нæ хъæуы).

2. 246-æм фæлтæрæны текст бакæсын. Йæ мидис ын бамбарын кæнын. Фæйнæгыл ныффыссын дыууæ æмбисонды.

*Уæзхъус – хæдзархал.*

*Чи нæ кусы, уый нæ хæры.*

– Зæгъут, ацы æмбисæндтæй кæцы ис радзырдимæ бабæттæн? Сбæлвырд кæнут уæ хъуыды.

Фæлтæрæн æххæстгæнгæйæ, хъус æрдарын хъæуы хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ цавæр бæттæгтæй баст сты, уымæ. Бамбарын кæнын æрхæцæн нысæнтты æвæрд.

Текстæй рафыссын хъуыдыйæдтæ æмхуызон уæнгтимæ. Бахахх кæнын бæттæгты бын. Скæнын хатдзæг (Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ ныхмæвæрд бæттæг *фæлæ,* кæнæ, *та*-йæ баст куы уой, уæд се ʼхсæн æвæрын хъæуы къæдзыг).

Чиныджы бакæсын раиртæстытæ æмæ сæ зæрдыл бадарын.

**V. Ног æрмæг ныффидар кæнын.**

245-æм фæлтæрæн æххæстгæнгæйæ, цæст æрдарын хъуыдыйады æмхуызон уæнгты æхсæн æрхæцæн нысæнтты æвæрдмæ.

**VI. Урочы кæронбæттæн.**

– Цы базыдтам ногæй урочы?

– Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ бæттæг *æмæ*-йæ баст куы уой, уæд куыд хицæн кæнынц фысгæйæ сæ кæрæдзийæ?

– Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ бæттæг *фæлæ,* кæнæ, *та*-йæ баст куы уой, уæд куыд хицæн кæнынц фысгæйæ сæ кæрæдзийæ?

**VII. Хæдзармæ куыст.**

1) 247-æм фæлтæрæн. Æмдзæвгæйы текст тетрадмæ рафыссын, хъуыдыйады æмхуызон уæнгты бын бахахх кæнгæйæ. Бамбарын кæнын æрхæцæн нысæнтты æвæрд.

## 39-æм урок
## Вазыгджын хъуыдыйад

**Урочы нысантæ:** Раттын сывæллæттæн иумæйаг зонындзинæдтæ вазыгджын хъуыдыйады тыххæй. Бакусын скъоладзауты ныхасы рæзтыл. Сывæллæтты зæрдæты гуырын кæнын уарзондзинад нæ алфамбылайы дунемæ.

**Дзырдуат:** бамыр уæвын.

### Урочы цыд

**I. Хæдзармæ куыст сбæлвырд кæнын.**

**II. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.**

– Цы у хъуыдыйад?

– Цæмæй хицæн кæны хъуыдыйад дзырд æмæ дзырдбастæй?

– Цавæртæ вæййынц хъуыдыйæдтæ?

**III. Ныхасы рæзтыл бакусын.**

Ахуыргæнæг бакусдзæн скъоладзауты ныхасы рæзтыл 248-æм фæлтæрæны текстмæ гæсгæ. Скъоладзаутæ аив бакæсдзысты текст. Йæ мидис ын равзардзысты фæрстытæм гæсгæ. Текстæн æрхъуыды кæндзысты сæргонд. Ахуыргæнæг бамбарын кæндзæн дзырдуатон дзырдты нысаниуæг. Скъоладзаутæ текст радзурдзысты хи ныхæстæй. Æрдзурдзысты уалдзæджы æрдзы ивддзинæдтыл.

**IV. Урочы ног темæйыл бакусын.**

Скъоладзаутæ ахуыргæнæджы æххуысæй сæ зæрдыл æрлæууын кæндзысты хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ. 248-æм фæлтæрæны тексты хъуыдыйæдты ссардзысты хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ æмæ сæ бахахх кæндзысты.

Хъус æрдардзысты алы хъуыдыйады дæр кæй ис дыууæ, кæнæ æртæ грамматикон бындуры, уымæ. Ахæм хъуыдыйæдтæ кæй ис адихгæнæн хуымæтæг хъуыдыйæдтыл.

Ахуыргæнæг бацамондзæн скъоладзаутæн: *дыуумæ, кæнæ фылдæр цалдæр хуымæтæг хъуыдыйадæй арæзт хъуыдыйад хуыйны вазыгджын хъуыдыйад.*

Скъоладзаутæ ахуыргæнæджы фæрстытæн бæлвырд дзуæппытæ дæтгæйæ скæндзысты хатдзæгтæ.

– Куыд баст сты кæрæдзиуыл хуымæтæг хъуыдыйæдтæ вазыгджын хъуыдыйады? *(Æрмæст интонацийæ).*

– Цæмæй хицæнгонд цæуынц кæрæдзийæ хуымæтæг хъуыдыйæдтæ вазыгджын хъуыдыйады*? (Къæдзыгтæй).*

Чиныджы бакæсдзысты æмæ зæрдыл бадардзысты раиртæст.

**V. Ног æрмæг ныффидар кæнын.**

Дарддæр урочы сывæллæттæ бацархайдзысты вазыгджын хъуыдыйады тыххæй зонындзинæдтæ бафидар кæныныл. Уый фæдыл сæххæст кæндзысты 249-æм, 250-æм, 251-æм фæлтæрæнтæ.

**VI. Урочы кæронбæттæн.**

– Цы базыдтам ногæй урочы?

– Цавæр хъуыдыйад хонæм вазыгджын хъуыдыйад?

– Куыд хицæнгонд цæуынц кæрæдзийæ вазыгджын хъуыдыйады хæйттæ?

Æрхæссын дæнцæгтæ.

**VII. Хæдзармæ куыст.**

252-æм фæлтæрæн сæххæст кæнын йæ хæслæвæрдтæм гæсгæ.

## 40-æм урок
## Вазыгджын хъуыдыйад

**Урочы нысантæ:** Вазыгджын хъуыдыйад æмæ йæ растфыссынады тыххæй рацыд æрмæг ныффидар кæнын. Бакусын скъоладзауты ныхасы рæзтыл. Сывæллæтты зæрдæты гуырын кæнын уарзондзинад адæмон сфæлдыстадмæ.

**Урочы цыд**

**I. Хæдзармæ куыст сбæлвырд кæнын.**

**II. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.**

Æрхъуыды кæнын вазыгджын хъуыдыйæдтæ. Ныффысын сæ фæйнæгыл. Рахицæн сын кæнын сæ грамматикон бындуртæ. Сæвæрын æрхæцæн нысæнттæ.

**III. Урочы темæйыл бакусын.**

Иртасæн куыст 253-æм фæлтæрæнмæ гæсгæ.

– Зæгъут, куыд арæзт сты вазыгджын хъуыдыйæдтæ? (Хуымæтæг хъуыдыйæдтæй).

– Куыд баст цæуынц хуымæтæг хъуыдыйæдтæ сæ кæрæдзиимæ вазыгджын хъуыдыйæдты? (Бæттæгты руаджы).

– Цавæр бæттæгтæй пайда кæнæм? (Æмæ, фæлæ, та).

– Куыд сæ хицæн кæнæм? (Къæдзыгтæй).

Скæнын хатдзæг:

*Вазыгджын хъуыдыйады хуымæтæг хъуыдыйæдтæ кæрæдзиуыл баст вæййынц æнæ бæттæгтæй интонацийы руаджы, кæнæ бæттæгтæ æнæ, фæлæ, та – йы руаджы.*

Вазыгджын хъуыдыйад аразæг хуымæтæг хъуыдыйæдтæ фæнды бæттæгтæй баст уой, фæнды æнæ бæттæгтæй – кæддæриддæр кæрæдзийæ хицæнгонд цæуынц къæдзыгтæй.

**IV.Ног æрмæг ныффидар кæнын.**

Ног æрмæг ныффидар кæныны тыххæй сæххæст кæнын чиныджы 254-æм, 255-æм фæлтæрæнтæ.

254-æм фæлтæрæны æмбисæндты хъуыды бамбарынгæнгæйæ, ахуыргæнæг бакæндзæн хъомыладон куыст.

– Кæд фæпайда кæнæм æмбисæндтæй?

– Цæуыл нæ ахуыр кæнынц æмбисæндтæ?

Дарддæр ахуырдзаутæ сæххæст кæндзысты фæлтæрæны хæслæвæрдтæ хибарæй.

**V. Урочы кæронбæттæн.**

– Цы базыдтам ногæй урочы?

– Куыд баст цæуынц хуымæтæг хъуыдыйæдтæ сæ кæрæдзиимæ вазыгджын хъуыдыйæдты?

– Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ бæттæгтæ *æмæ, фæлæ,* кæнæ *та*-йæ баст куы уой, уæд куыд хицæн кæнынц фысгæйæ сæ кæрæдзийæ?

**VI. Хæдзармæ куыст.**

256-æм фæлтæрæн баххæст кæнын йæ хæслæвæрдмæ гæсгæ. Раиртæст зæрдыл бадарын.

## 41-æм урок
## Вазыгджын хъуыдыйад бæттæгтимæ

**Урочы нысантæ:** Вазыгджын хъуыдыйады тыххæй рацыд æрмæг ныффидар кæнын. Бакусын вазыгджын хъуыдыйæдты растфыссынадыл. Бакусын скъоладзауты дзургæ ныхасы рæзтыл. Сывæллæтты ахуыр кæнын зæрдæхæлар уæвыныл.

**Дзырдуат:** сакъадах, гæркъæраг, джиго.

### Урочы цыд

**I. Хæдзармæ куыст сбæрæг кæнын.**

**II. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.**

Беседæйы хуызы рацыд æрмæг вазыгджын хъуыдыйады тыххæй зæрдыл æрлæууын кæнын.

– Цавæр хъуыдыйад хонæм вазыгджын?

–Зæгъут, куыд баст цæуынц хуымæтæг хъуыдыйæдтæ сæ кæрæдзиимæ вазыгджын хъуыдыйæдты?

–Куыд хицæн кæнæм хуымæтæг хъуыдыйæдтæ вазыгджын хъуыдыйæдты кæрæдзийæ?

**III. Ныхасы рæзтыл бакусын.**

257-æм фæлтæрæны тексты мидис равзарын фæрстытæм гæсгæ. Бамбарын кæнын дзырдуатон дзырдты нысаниуæг. Бакусын сывæллæтты дзургæ ныхасы рæзтыл. Текст радзурын хи ныхæстæй. Æрхъуыды йын кæнын сæргонд.

– Радзурут, Астемыр æмæ маргъы лæппын кæрæдзийы куы федтой, уæд сæ алчидæр йæхи куыд дардта? Сæ сæрты цавæр хъуыдытæ фæзынд?

– Æрфыссут Астемыры цæстæнгас æмæ йæ архæйдтытæ маргъимæ.

– Раст бакодта лæппу?

– Радзурут, сымах та куыд æххуыс кæнут цъиутæн, цæрæгойтæн?

**IV. Урочы темæйыл бакусын.**

Вазыгджын хъуыдыйадæй рацыд æрмæг ныффидар кæныны тыххæй сæххæст кæнын чиныджы 258-æм , 259-æм, 260-æм фæлтæрæнтæ.

**V. Урочы кæронбæттæн.**

– Цы фæлхат кодтам урочы?

– Зæгъут, цавæр бæттæгты руаджы баст цæуынц хуымæтæг хъуыдыйæдтæ сæ кæрæдзиимæ вазыгджын хъуыдыйæдты?

**VI. Хæдзармæ куыст.**

261-æм фæлтæрæн сæххæст кæнын йæ хæслæвæрдтæм гæсгæ.

## 42-æм урок
## Хъуыдыйады тыххæй рацыд æрмæг фæлхат кæнын

**Урочы нысантæ:** Хъуыдыйады тыххæй рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын. Бакусын ахуыргæнинæгты дзургæ ныхасы рæзтыл. Сывæллæтты зæрдæты гуырын кæнын уарзондзинад Райгуырæн бæстæмæ.

**Дзырдуат:** сгуыхтдзинад, сгарæг, арæхстгай, сармадзан, фыдгул.

### Урочы цыд

**I. Хæдзармæ куыст сбæрæг кæнын.**

**II. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.**

– Цы у хъуыдыйад?

– Цавæртæ вæййынц хъуыдыйæдтæ?

– Цы у сæйрат? Зæгъинаг?

– Цы сты хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ?

– Цы хонæм вазыгджын хъуыдыйад?

–Зæгъут, куыд баст цæуынц хуымæтæг хъуыдыйæдтæ сæ кæрæдзиимæ вазыгджын хъуыдыйæдты?

– Куыд хицæн кæнынц кæрæдзийæ хуымæтæг хъуыдыйæдтæ вазыгджын хъуыдыйæдты?

Беседæйы фæстæ фæйнæгыл лæвæрд хуымæтæг хъуыдыйæдтæй скъоладзаутæ аразынц вазыгджын хъуыдыйæдтæ. Бахахх кæндзысты грамматикон бындурты бын.

**III. Ныхасы рæзтыл бакусын. Хъомыладон куыст бакæнын.**

262-æм фæлтæрæны текст аив бакæсын. Бамбарын кæнын дзырдуатон дзырдты нысаниуæг. Йæ мидис ын равзарын фæрстытæм гæсгæ.

– Цы зонут Фыдыбæстæйы Стыр хæсты тыххæй?

– Кæдæм цыдысты сгарджытæ?

– Цæуыл сагъæс кодтой сгарджытæ?

Бакусын сывæллæтты дзургæ ныхасы рæзтыл. Текст радзурын хи ныхæстæй.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты темæ дарддæр ахæццæ кæнын 264-æм фæлтæрæн сæххæстгæнгæйæ. Æмдзæвгæ бакæсын æмæ йын йæ мидис равзарын, ахуыргæнæджы фæрстытæн дзуапп ратгæйæ.

Равзарын æмбисонд *«Сгуыхтдзинады кад мыггагмæ цæры»* - йы хъуыды.

Дарддæр сывæллæттæ дзуапп ратдзысты 264-æм фæлтæрæны грамматикон хæслæвæрдæн.

**IV. Урочы темæйыл бакусын.**

Рацыд æрмæг фæлхат кæныны тыххæй сæххæст кæнын чиныджы 265-æм фæлтæрæн. Фæстаг хæслæвæрдæн дзуапп ратгæйæ, скъоладзаутæ ныффидар кæндзысты вазыгджын хъуыдыйады арæзты тыххæй зонинæгтæ.

**V. Урочы кæронбæттæн.**

– Цы фæлхат кодтам урочы?

– Цы у хъуыдыйад?

– Цавæртæ вæййынц хъуыдыйæдтæ?

– Цы хонæм хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ?

**VI. Хæдзармæ куыст.**

266-æм фæлтæрæн сæххæст кæнын хæслæвæрдтæм гæсгæ.

## 43-æм урок
## Бæрæг кæнæм, цы базыдтам, уый.

## 44-æм урок
## Сидæн. Æрхæцæн нысæнттæ сидæны

**Урочы нысантæ:** раттын сывæллæттæн зонындзинæдтæ сидæны тыххæй; бакусын ахуыргæнинæгты хъуыдыкæнынад рæзын кæныныл; сывæллæттæм гуырын кæнын уарзондзинад фæллой кæнынмæ.

**Дзырдуат:** рын, айнæг, царды уæз.

### Урочы цыд

**I. Хæдзармæ куыст сбæрæг кæнын.**

**II. Урочы темæйыл бакусын.**

1) 267-æм фæлтæрæнæй пайда кæнгæйæ, скæнын иртасæн куыст. Дыууæ цæджындзы хъуыдыйæдтæ бакæсыны фæстæ ахуыргæнæг, проблемон уавæр сæвзæрын кæнгæйæ, скъоладзауты размæ æвæры бæлвырд хæс:

– Зæгъут, фыццаг цæджындзы хъуыдыйæдтæ дыккаг цæджындзы хъуыдыйæдтæй цæмæй хицæн кæнынц?

(Фыццаг цæджындзы хъуыдыйæдты бæрæггонд нæ цæуы автор кæмæ кæнæ цæмæ сиды (обращается), уый. Дыккаг цæджындзы хъуыдыйæдты та, автор кæмæ кæнæ цæмæ сиды, уый у бæрæггонд.

Дыккаг цæджындзы хъуыдыйæдты ис ахæм дзырдтæ, кæцыты фæрцы сидæм, дзурæм кæмæдæр кæнæ цæмæдæр. (*Нæ зæхх, лæппу, адæм, Фатимæ*). Ацы дзырдтæ хуыйнынц сидæнтæ.

2) Фæлтæрæны хъуыдыйæдтæй иу ахуыргæнæг фæйнæгыл фыссы æртæ хуызы.

*Лæппу, зивæггæнаг ма у!*

*Зивæггæнаг, лæппу, ма у!*

*Зивæггæнаг ма у, лæппу!*

– Ссарут хъуыдыйæдты сидæнтæ. Сæ быны сын бахахх кæнут. Цы бафиппайдтат?

Сывæллæттæ, хъус æрдаргæйæ, бæлвырд дзуæппытæ ратдзысты, сидæнтæ хъуыдыйæдты мидæг кæм æвæрд сты æмæ цавæр æрхæцæн нысæнттæй хицæнгонд цæуынц.

Куыд æвæрд сты æрхæцæн нысæнттæ хъуыдыйæдты?

Скæндзысты хатдзæгтæ: *Сидæнтæ хъуыдыйæдты мидæг æвæрд вæййынц разæй, астæуæй, кæронæй æмæ хицæнгонд цæуынц къæдзыгтæй. Сидæн конд вæййы иу кæнæ цалдæр дзырдæй.*

Скъоладзаутæ хатдзæгтæ скæныны фæстæ чиныджы раиртæст бакæсдзысты æмæ йæ сæ зæрдыл бадардзысты.

**IV.Ног æрмæг ныффидар кæнын.**

1) Скъоладзаутæ 268-æм фæлтæрæн æххæстгæнгæйæ, бакусдзысты канд грамматикон темæйыл нæ, фæлæ ма ныхасы рæзтыл дæр. Текст аив бакæсдзысты æмæ йын равзардзысты йæ мидис фæрстытæм гæсгæ. Ахуыргæнæг бамбарын кæндзæн дзырдуатон дзырдты нысаниуæг. Скъоладзаутæ текстæн æрхъуыды кæндзысты сæргонд. Текст бакæсдзысты ролтæм гæсгæ. Черменæн иунæгæй зын цæрæн цæмæн уыд, ууыл бæстон æрдзурдзысты.

Скъоладзаутæ ахуыргæнæджы æххуысæй равзардзысты æмбисонд: «*Æнæзивæг цæл ары, зивæггæнаг цæф ары*»-йы мидис.

Дарддæр скъоладзаутæ бафидар кæндзысты ног æрмæг, 268-æм фæлтæрæны текстæй хъуыдыйæдтæ сидæнтимæ рафысгæйæ. Сæ хъус æрдардзысты æрхæцæн нысæнтты æвæрдмæ сидæн æвæрд куы вæййы разæй, астæуæй æмæ кæронæй..

2) Дарддæр, ног æрмæг ныффидар кæнынæн, скъоладзаутæ сæххæст кæндзысты 270-æм æмæ 271-æм фæлтæрæнтæ. Ацы фæлтæрæнтæ сæххæст кæнæн ис иумæ, къæйттæй кæнæ хибарæй дæр.

**V. Урочы кæронбæттæн.**

– Цы базыдтам ногæй урочы?

– Цы у сидæн?

– Сидæнтæ хъуыдыйæдты мидæг кæм æвæрд вæййынц?

– Куыд бæрæггонд цæуынц сидæнтæ хъуыдыйæдты?

**VI. Хæдзармæ куыст.**

273-æм фæлтæрæн чиныджы сæххæст кæнын йæ хæслæвæрдтæм гæсгæ.

## 45-æм урок
## Сидæн фæлхат кæнын

**Урочы нысантæ:** ныффидар кæнын сидæны тыххæй рацыд æрмæг; бакусын скъоладзауты хъуыдыкæнынад рæзын кæныныл; сывæллæттæм гуырын кæнын уарзондзинад фæллой кæнынмæ.

**Дзырдуат:** куырд, сæрвæт, уæлыгæс, бустæ кæнын, цæнкуыл, уырыд, стъæлд.

### Урочы цыд

**I. Хæдзармæ куыст сбæрæг кæнын.**

**II. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.**

Сфæлхат кæнын рацыд æрмæг сидæны тыххæй беседæйы хуызы.

– Цы у сидæн?

– Сидæнтæ хъуыдыйæдты мидæг кæм æвæрд вæййынц?

– Куыд хицæнгонд цæуынц хъуыдыйады мидæг?

– Ærхъуыды кæнын сидæнимæ хъуыдыйæдтæ, цæмæй сидæн æвæрд уа разæй, астæуæй æмæ кæронæй.

**III. Урочы темæйыл бакусын.**

1) 274-æм фæлтæрæны сæйраг хæс у тексты сидæнтимæ хъуыдыйæдтæ ссарын, æмæ сæ тетрæдтæм рафыссын, æрхæцæн нысæнтты æвæрд бамбарын кæнгæйæ. Фæлæ фыццаг хъæуы текст аив бакæсын. Йæ мидис ын равзарын фæрстытæм гæсгæ. Текстæн æрхъуыды кæнын сæргонд. Бамбарын кæнын дзырдуатон дзырдты нысаниуæг. Бакусын сывæллæтты дзургæ ныхасы рæзтыл. Бацархайын текст хи ныхæстæй радзурыныл.

– Цæмæн загъта Сандыр лæппутæн:

«Хур дæр ма, дам, стъалытæм зынггур бацыд»?

«Алцы дæр чи зоны, ахæм адæймаг нæй зæххыл».

«Дæсныйæ дæсныдæртæ бирæ ис».

«Æххуысы сæр кæй нæ бахъæуы, ахæм лæг зæххыл нæй».

«Фæрсын худинаг нæу».

– Куыд æмбарут ацы хъуыдыйæдтæн сæ мидис?
– Сандыры ныхæстæ цæмæй фæцыдысты уæ зæрдæмæ?
– Æмбисæндтæ уæ зæрдыл бадарут.

2) Дарддæр скъоладзаутæ фидар кæндзысты сæ зонындзинæдтæ сидæны тыххæй. Уый тыххæй сæххæст кæндзысты 275-æм, 276-æм æмæ 277-æм фæлтæрæнтæ. Ацы фæлтæрæнтæ сæххæст кæнæн ис иумæ, къæйттæй кæнæ хибарæй дæр.

Скъоладзаутæ сæ хъус æрдардзысты сидæн разæй, астæуæй æмæ кæронæй æвæрд куы вæййы, уæд цавæр æрхæцæн нысæнттæ æвæрд цæуы, уымæ.

**IV. Урочы кæронбæттæн.**
– Цы фæлхат кодтам урочы?
– Цы у сидæн?
– Сидæнтæ хъуыдыйæдты мидæг кæм æвæрд вæййынц?
– Куыд хицæнгонд цæуынц сидæнтæ?

**V. Хæдзармæ куыст.**
278-æм фæлтæрæн сæххæст кæнын йæ хæслæвæрдтæм гæсгæ.

## 46-æм урок
## Комкоммæ ныхас

**Урочы нысантæ:** раттын сывæллæттæн æмбарынад комкоммæ ныхасы тыххæй; бакусын ахуыргæнинæгты дзургæ ныхасы рæзтыл; сывæллæттæм гуырын кæнын уарзондзинад фæллой кæнынмæ.

**Дзырдуат:** цъай, тезгъо.

### Урочы цыд
**I. Хæдзармæ куыст сбæрæг кæнын.**

**II. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.**

**III. Урочы темæйыл бакусын.**

1) Ахуыргæнæгæн урочы ног темæ бацамонынæн йæ бон у 279-æм фæлтæрæнæй спайда кæнын. Скъоладзаутæ, хъуыдыйæдтæ бакæсгæйæ, хъуамæ сбæрæг кæной, се хсæн цы хицæндзинæдтæ ис, уый. Ахуыргæнæджы дзырдтæ æнæ ивдæй кæцы хъуыдыйæдты лæвæрд цæуынц, уый.

1) *Ахуыргæнæг загъта, хæдзары æгъдау хистæрæй кæй цæуы;*

*2) Ахуыргæнæг загъта: «Хæдзары æгъдау хистæрæй цæуы»;*

*1) Ахуыргæнæг нын загъта, цæмæй кæрæдзийæн аргъ кæнæм;*

*2) Ахуыргæнæг нын загъта: «Кæрæдзийæн аргъ кæнут».*

Фыццаг æмæ цыппæрæм хъуыдыйæдты ахуыргæнæджы ныхæстæ («Хæдзары æгъдау хистæрæй цæуы», «Кæрæдзийæн аргъ кæнут») загъд цæуынц æнæ ивдæй. Хъуыдыйады искæй ныхас æнæ ивдæй цы дзырдтæй фæзæгъæм, уыдон хонæм комкоммæ ныхас. Ахуыргæнæджы ныхас ацы хъуыдыйæдты хуыйны комкоммæ ныхас.

Комкоммæ ныхас кæй у, уый æвдисæг дзырдтæ та хонæм авторы ныхæстæ. Зæгъæм: «ахуыргæнæг загъта».

Скъоладзаутæ ног зонындзинæдтæ ныффидар кæндзысты, чиныджы 145-æм фарсыл раиртæст зæрдыл бадаргæйæ.

**IV. Ног æрмæг ныффидар кæнын.**

1) Дарддæр скъоладзаутæ бацархайдзысты ног зонындзинæдтæ ныффидар кæныныл, 280-æм фæлтæрæн сæххæстгæнгæйæ. Текст аив бакæсыны фæстæ йын равзардзысты йæ мидис фæрстытæм гæсгæ. Ахуыргæнæг бамбарын кæндзæн дзырдуатон дзырдты нысаниуæг. Скъоладзаутæ бакусдзысты сæ дзургæ ныхасы рæзтыл. Æрдзурын, радзырды хъайтар Юрæ кæм фæрæдыд, ууыл.

Дарддæр сывæллæттæ ахуыргæнæджы æххуысæй равзардзысты радзырдимæ баст æмбисонд.

*Зивæггæнаджы къах – сындзы къутæрыл баст.*

– Цы у ацы хъуыдыйад? (Æмбисонд).

– Зæгъут, куыд ын æмбарут йæ хъуыды?

– Цы бар дары æмбисонд радзырдмæ?

Уый фæстæ, текстæй комкоммæ ныхасимæ хъуыдыйæдтæ рафысгæйæ, скъоладзаутæ урочы темæ ныффидар кæндзысты. Хъус æрдардзысты комкоммæ ныхас хъуыдыйæдты мидæг кæм æвæрд у æмæ цавæр æрхæцæн нысæнттæй хицæнгонд цæуы, уымæ.

**V. Урочы кæронбæттæн.**

– Цы базыдтам ногæй урочы?

– Цы у комкоммæ ныхас?

– Комкоммæ ныхас хъуыдыйады мидæг кæм æвæрд вæййы?

**VI. Хæдзармæ куыст.**

282-æм фæлтæрæн. Рафыссын æмдзæвгæ. Ссарын дзы хъуыдыйад комкоммæ ныхасимæ. Бацамонын авторы ныхас æмæ комкоммæ ныхас.

## 47-æм урок
## Æрхæцæн нысæнттæ комкоммæ ныхасимæ

**Урочы нысантæ:** сывæллæттæн раттын зонындзинæдтæ, комкоммæ ныхасимæ хъуыдыйæдты æрхæцæн нысæнттæ æвæрыны тыххæй; бакусын

ахуыргæнинæгты дзургæ ныхасы рæзтыл; сывæллæттæм гуырын кæнын уарзондзинад адæмон сфæлдыстадмæ.

**Дзырдуат:** минас, мæрддзæст, уыр, уæлхæдзар, хуыскъ.

**Урочы цыд**

**I. Хæдзармæ куыст сбæрæг кæнын.**

**II. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.**

Сфæлхат кæнын рацыд æрмæг комкоммæ ныхасы тыххæй беседæйы хуызы.

– Цы у комкоммæ ныхас?

– Комкоммæ ныхас хъуыдыйæдты мидæг кæм æвæрд вæййы?

– Ӕрхъуыды кæнут хъуыдыйæдтæ комкоммæ ныхасимæ.

**III. Урочы темæйыл бакусын.**

Ног темæ бацамонынæн ахуыргæнæг спайда кæндзæн 283-æм фæлтæрæнæй.

Скъоладзаутæ текст аив бакæсдзысты. Йæ мидис ын равзардзысты фæрстытæм гæсгæ. Зæрдыл æрлæууын кæндзысты, цы у адæмон сфæлдыстад, уый. Ахуыргæнæг бамбарын кæндзæн дзырдуатон дзырдты нысаниуæг. Бакусдзæн сывæллæтты дзургæ ныхасы рæзтыл. Скъоладзаутæ бацархайдзысты аргъау хи ныхæстæй радзурыныл.

Дарддæр скъоладзаутæ 283-æм фæлтæрæны текстæй рафысдзысты хъуыдыйæдтæ комкоммæ ныхасимæ. Хъус æрдардзысты, комкоммæ ныхас хъуыдыйæдты мидæг кæм æвæрд цæуы æмæ цавæр æрхæцæн нысæнттæй хицæнгонд цæуы, уымæ. Комкоммæ ныхасы бын иу хахх бакæндзысты, авторы ныхæсты бын та уылæнтæ хахх. Ахуыргæнæджы æххуысæй сараздзысты, комкоммæ ныхас цы хъуыдыйæдты ис, уыдоны схемæтæ **(А: «К»).**

Скъоладзаутæ чиныджы лæвæрд раиртæст бакæсдзысты æмæ йæ зæрдыл бадардзысты.

**IV.Ног æрмæг ныффидар кæнын.**

Дарддæр скъоладзаутæ ног æрмæг ныффидар кæныны тыххæй сæххæст кæндзысты 285-æм æмæ 286-æм фæлтæрæнтæ. Ацы фæлтæрæнтæ сæххæст кæнæн ис иумæ, къæйттæй кæнæ хибарæй дæр. Сæ хъус æрдардзысты комкоммæ ныхасимæ хъуыдыйæдты æрхæцæн нысæнтты æвæрдмæ.

**V. Урочы кæронбæттæн.**

– Цы базыдтам ногæй урочы?

– Цы у комкоммæ ныхас?

– Комкоммæ ныхас хъуыдыйæдты мидæг кæм æвæрд вæййы?

– Цавæр æрхæцæн нысæнттæ æвæрæм комкоммæ ныхасимæ?

**VI. Хæдзармæ куыст.** Сахуыр кæнын раиртæст. Сæххæст кæнын 287-æм фæлтæрæн.

## 48-æм урок
## Рацыд æрмæг фæлхат кæнын

**Урочы нысантæ:** 4-æм къласы рацыд æрмæг сфæлхат кæнын; ныхасы рæзтыл бакусын; сывæллæттæм гуырын кæнын уарзондзинад алфамбылай дунемæ.

**Дзырдуат:** алæмæт, саха дæттæ, æвзистбарц, хъалагъур, гуырвидауц, сæйын, тындзын.

### Урочы цыд

**I. Хæдзармæ куыст сбæрæг кæнын.**

**II. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.**

– Цы у комкоммæ ныхас?

– Комкоммæ ныхас хъуыдыйæдты мидæг кæм æвæрд вæййы?

– Цавæр æрхæцæн нысæнттæ æвæрæм комкоммæ ныхасимæ?

**III. Ныхасы рæзтыл куыст.**

Бакусын сывæллæтты дзургæ ныхасы рæзтыл, 288-æм фæлтæрæны текстыл бакусгæйæ. Текст радзурын хи ныхæстæй. Йæ мидис ын равзарын фæрстытæм гæсгæ. Æрдзурын Ирыстоны æрдзы рæсугъддзинæдтыл. Текстæн æрхъуыды кæнын сæргонд. Бамбарын кæнын дзырдуатон дзырдты нысаниуæг.

Дарддæр скъоладзаутæ сæ зæрдыл æрлæууын кæндзысты 4-æм къласы рацыд æрмæг, 289-æм, 290-æм, 291-æм, 292-æм, 293-æм æмæ 294-æм фæлтæрæнтæ сæххæстгæнгæйæ. Ацы фæлтæрæнтæ сæххæст кæнæн ис иумæ, къæйттæй кæнæ хибарæй дæр. Ныффидар кæндзысты сæ зонындзинæдтæ.

289-æм фæлтæрæн сæххæстгæнгæйæ, скъоладзаутæ сфæлхат кæндзысты вазыгджын дзырдтæ æмæ вазыгджын дзырдты арæзтад.

290-æм æмæ 291-æм фæлтæрæнтæ сæххæстгæнгæйæ, скъоладзаутæ сæ зæрдыл æрлæууын кæндзысты цы у номдар, номдарты бирæон нымæцы арæзты хицæндзинæдтæ æмæ номдарты хауæнтæ. Атасындзæг кæндзысты номдартæ *къудзи, сæгуыт* æмæ *цæвæг.*

293-æм фæлтæрæн сæххæстгæнгæйæ, ахуыргæнæг бакусдзæн сывæллæтты дзургæ ныхасы рæзтыл. Текст бакæсын кæндзæн цæсгæмттæм гæсгæ. Скъоладзауты хъус æрдардзæн мæлдзыджы зондахастмæ. Бамбарын кæндзысты дзырдуатон дзырдты нысаниуæг. Сывæллæттæ тексты мидис равзардзысты фæрстытæм гæсгæ.

– Цæмæй хъал у мæлдзыг?

– Цавæр сæргонд ма ис раттæн аргъауæн? (*Куыстуарзаг).*

– Цавæр зонд амоны мæлдзыг махæн? (*Уарз фæллой!)*

– Бамбарын кæнут текстимæ баст æмбисонды хъуыды.

293-æм фæлтæрæны текстæй бæрæггонд дзырдтæ рафысгæйæ, скъоладзаутæ сæ зæрдыл æрлæууын кæндзысты, цы сты миногон æмæ номивæг.

**VI. Урочы кæронбæттæн.**

– Цы фæлхат кодтам урочы?

– Цы у хъуыдыйад?

– Цавæртæ вæййынц хъуыдыйæдтæ сæ загъды нысанмæ гæсгæ?

– Цы зонæм номдары тыххæй?

– Цы зонæм миногонты тыххæй?

– Цы у номивæг?

**V. Хæдзармæ куыст.**

295-æм фæлтæрæн сæххæстгæнгæйæ, скъоладзаутæ сфæлхат кæндзысты номивджыты тасындзæг.

## 49-æм урок
## Рацыд æрмæг фæлхат кæнын

**Урочы нысантæ:** 4-æм къласы рацыд æрмæг ныффидар кæнын; ныхасы рæзтыл бакусын; адæймаджы хорз миниуджытыл æрдзурын скъоладзаутимæ.

**Дзырдуат:** хызын, ныййарц уæвын.

### Урочы цыд

**I. Хæдзармæ куыст сбæрæг кæнын.**

**II. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын. Ныхасы рæзтыл бакусын.**

Бакусын сывæллæтты дзургæ ныхасы рæзтыл, 296-æм фæлтæрæны текстыл бакусгæйæ. Йæ мидис ын равзарын фæрстытæм гæсгæ. Бамбарын кæнын дзырдуатон дзырдты нысаниуæг. Бацархайын текст хи ныхæстæй радзурыныл.

– Куыдз хызынмæ хæстæг цæуылнæ уагъта фыд æмæ фырты?

– Цæмæн алыгъд куыдз хъæдмæ?

Текстæй, бæлвырд æй равзарыны фæстæ, рафыссын бæрæггонд дзырдтæ æмæ сбæрæг кæнын, цавæр ныхасы хаймæ хауынц, уый.

Беседæйы хуызы зæрдыл æрлæууын кæнын мивдисæджы тыххæй зонындзинæдтæ.

– Цы у мивдисæг?

– Куыд ивынц мивдисджытæ?

– Цал цæсгомы æмæ афоны ис мивдисæгæн?

Сæххæст кæнын 298-æм фæлтæрæн.

299-æм фæлтæрæн сæххæстгæнгæйæ, скъоладзаутæ сæ зæрдыл æрлæууын кæндзысты фæрсдзырды тыххæй зонындзинæдтæ.

– Цы хонæм фæрсдзырд?

– Цавæр фæрстытæ домынц фæрсдзырдтæ?

**III. Урочы кæронбæттæн.**

– Цы фæлхат кодтам урочы?

– Цы у мивдисæг?

– Куыд ивы мивдисæг?

– Цы у фæрсдзырд?

**IV. Хæдзармæ куыст.** Сæххæст кæнын 300-æм фæлтæрæн.

## 50-æм урок
## Рацыд æрмæг фæлхат кæнын

**Урочы нысантæ:** ныффидар кæнын 4-æм къласы рацыд æрмæг; ныхасы рæзтыл бакусын; ахуырдзауты ахуыр кæнын хæларæй цæрыныл.

**Дзырдуат:** фыдæнхъæл, кæрдзындæттон.

### Урочы цыд

**I. Хæдзармæ куыст сбæрæг кæнын.**

**II. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.**
**Ныхасы рæзтыл бакусын.**

301-æм фæлтæрæн æххæстгæнгæйæ бакусын сывæллæтты дзургæ ныхасы рæзтыл, фæрстытæн дзуапп ратгæйæ. Бамбарын кæнын дзырдуатон дзырдты нысаниуæг.

– Уæ зæрдæмæ цæуы Филя? Цавæр лæппу у Филя? (Хиппæлой).

– Адæймагмæ хъуамæ цавæр хорз миниуджытæ уа?

Бакусын текстимæ баст æмбисонды хъуыдыйыл.

302-æм фæлтæрæн сæххæстгæнгæйæ, скъоладзаутæ сфæлхат кæндзысты хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ, 303-æм фæлтæрæн сæххæстгæнгæйæ, та – вазыгджын æмæ хуымæтæг хъуыдыйæдтæ.

Дарддæр, скъоладзаутæ 304-æм æмæ 305-æм фæлтæрæнтæ сæххæстгæнгæйæ, сæ зæрдыл æрлæууын кæндзысты, цы у комкоммæ ныхас. Хъус æрдардзысты, комкоммæ ныхас хъуыдыйæдты мидæг кæм æвæрд цæуы æмæ цавæр æрхæцæн нысæнттæй хицæнгонд цæуы, уымæ.

Скъоладзаутæ бакусдзысты 304-æм фæлтæрæны лæвæрд радзырды мидисыл.

– Цæмæн «цыдис» лæппуйæн йæ фæндаггаг йæ разæй?

– Куыд æмбарут дзырд *кæрдзындæттон*?

**III. Урочы кæронбæттæн.**

– Цы фæлхат кодтам урочы?
– Цы у хъуыдыйад?
– Цы сты хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ?
– Цавæртæ вæййынц хъуыдыйæдтæ?
– Цы у комкоммæ ныхас?

**IV. Хæдзармæ куыст.**

306-æм фæлтæрæн.

## 51-æм урок
## Бæрæг кæнæм, цы базыдтам, уый

# Сæргæндтæ

Мыртæ æмæ дамгъæтæ……………………………………………………………1
Дамгъуат……………………………………………………………………………3
Дæргъвæтин æмхъæлæсонтæ…………………………………………………..5
Цавд……………………………………………………………………………...7
Вазыгджын дзырдтæ………………………………………………………………9
Номдарты ивынад хауæнтæм гæсгæ.
Номон хауæн……………………………………………………………...12
Гуырынон хауæн…………………………………………………………….14
Дæттынон хауæн. Иртæстон хауæн. ………………………………………….16
Арæзтон хауæн. Æддагбынатон хауæн……………………………………….18
Цæдисон хауæн. Хуызæнон хауæн…………………………………………….20
Номдарты тасындзæг бирæон нымæцы…………………………………….22
Номдарты бирæон нымæцы арæзты хицæндзинæдтæ…………………………23
Номдарты растфыссынад……………………………………………………….25
Миногон……………………………………………………………………………26
Миногонты тасындзæг…………………………………………………………..28
Номивæг. Цæсгомон номивджытæ ……………………………………………29
Цæсгомон номивджыты тасындзæг……………………………………………30
Мивдисæг. Мивдисæджы афонтæ………………………………………………...32
Мивдисджыты ивынад нымæцтæм гæсгæ……………………………………..33
Мивдисджыты ивынад цæсгæмттæм гæсгæ ……………………………………35
Цæсгомон мивдисджыты ивынад нырыккон афоны……………………………36
Цæсгомон мивдисджыты ивынад ивгъуыд афоны………………………………39
Цæсгомон мивдисджыты ивынад суинаг афоны………………………………...42
Мивдисджыты растфыссынад…………………………………………………….44
Фæрсдзырд ………………………………………………………………………46
Фæрсдзырдты растфыссынад……………………………………………………...47
Хъуыдыйад……………………………………………………………………….50
Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ………………………………………………..51
Вазыгджын хъуыдыйад…………………………………………………………54
Сидæн………………………………………………………………………………58
Комкоммæ ныхас…………………………………………………………………...61
Рацыд æрмæг фæлхат кæнын……………………………………………………63
Сæргæндтæ…………………………………………………………………………..67

Учебное издание

**Газзаева Альбина Резикоевна**
**Саламова Лида Даурбековна**

# Методические указания

к учебнику
«Осетинский язык»
4 класс

Редактор Л.Г.Дзампаева